ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# Адыгэ Псалъэ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№62 (24.968) • 2026 гъэм накъыгъэм (майм) и 23, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

# Лэжьыгъэр зэпыуркъым



**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек УФ-м и Правительствэм щIыналъэхэм зегъэужьынымкIэ и комиссэм и президиумым и зэIущIэм хэтащ. Ар Мэзкуу щригъэкIуэкIащ вице-премьер Хуснуллин Марат.**

ЗЭIУЩIЭР теухуат щIыналъэхэм псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэр къызэрагъэщIэрэщIэжыпхъэ Iэмалхэм, «ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ» проектымрэ «Ухуэныгъэ» къэрал программэмрэ хуаутIыпщ мылъкумрэ абыхэм хиубыдэу яухуа объектхэр зэраухуэмрэ. КъинэмыщIауэ, хьэку гъэплъыгъуэ пIалъэ иухам тепсэлъыхьащ, къэблагъэ бжьыхьэ-щIымахуэм зэрызыхуагъэхьэзыр щIыкIэми я гугъу ящIащ.

УФ-м ухуэныгъэхэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр Файзуллин Ирек, УФ-м ТранспортымкIэ, ЭнергетикэмкIэ и министерствэхэм, кIэлъыплъакIуэ органхэм я лIыкIуэхэр ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм теухуауэ къэпсэлъахэщ.

Унэ гъэплъыныр зи пщэ дэлъ IуэхущIапIэхэр мылъкукIэ къызэрызэгъэпэща щIыкIэм, унэхэм псы ешэлIэн-щIэшыным, коммунальнэ Iэмэпсымэхэр къагъэщIэрэщIэжын папщIэ, къагъэщхьэпэ инвестицэхэм я гугъу ящIащ къызэхуэсахэм.

«ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ» проектымкIэ ди республикэр пэрытхэм ящыщщ. Псалъэм папщIэ, «Унагъуэ лъапIэныгъэхэмрэ щэнхабзэм и инфраструктурэмрэ» , «Унагъуэм зыщIэгъэкъуэн», «Къуажэхэм зэманым декIу теплъэ етын», «Къуажэхэм транспортым и инфраструктурэм зыщегъэужьын», «КИФЩI-м хыхьэ щIыналъэхэм я цIыхубэ-экономикэ зыужьыныгъэр», «Зи Iэпкълъэпкъыр къызыдэмыбз балигъхэмрэ сабийхэмрэ зыхуэныкъуэ IэмэпсымэхэмкIэ къызэгъэпэщын», «Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ еджэну Iэмал етын» хуэдэ программэхэмкIэ.

Объект псоми лэжьыгъэшхуэ щокIуэкI. Гулъытэ щхьэхуэ хуащI школхэм, сабий IыгъыпIэхэм, узыншагъэм щыкIэлъыплъ, спортымрэ щэнхабзэмрэ зыщрагъэужь ухуэныгъэхэм, иджыпсту мыхьэнэшхуэ зиIэ проектхэр щызэфIах гъуэгухэмрэ транспортымрэ.

2026 гъэм накъыгъэм и 27-р мылэжьэгъуэ гуфIэгъуэ махуэу гъэувыным и IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

«Я фIэщхъуныгъэр зыхуэдэнур езыхэм яубзыхужынымкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ дин зэгухьэныгъэхэмрэ я IуэхукIэ» 1997 гъэм фокIадэм и 26-м къащта Федеральнэ закон №125-ФЗ-м и 4-нэ статьям и 7-нэ пунктым тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм зэрызыкъытхуигъэзам ипкъ иткIэ, Къурмэн хьид махуэшхуэр гъэлъэпIэным теухуауэ **унафэ сощI**:

2026 гъэм накъыгъэм и 27-р Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мылэжьэгъуэ гуфIэгъуэ махуэу щыгъэувын.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек.**

*Налшык къалэ*
*2026 гъэм накъыгъэм и 19-м*
*№46-УГ*



# Псэ жыгым деж...

**Накъыгъэм и 21-м цIыхухэр Налшык гъущI гъуэгу вокзалым деж къыщежьэри, Ленины и цIэр зезыхьэ уэрамым кърикIуащ, бзылъхугъэхэм гъыбзэхэр жаIэу, цIыхухъухэм уэрэдыжьхэр къыхадзэурэ.**

АХЭР екIуэлIащ Кавказ зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъ Псэ жыгым. ИтIанэ гъуо къэджащ... Адыгэ фащэкIэ хуэпауэ, лъэпкъ ныпыр яIыгъыу, я блэкIар зэралъытэр, я адэжьхэм я фэеплъыр гу лъащIэм зэрыщахъумэр зи нэгу къищ цIыхухэм уахэплъэныр гуузт, ауэ икIи узыгъэгушхуэт, илъэсищэм щIигъукIэ зызымыгъэщхъа адыгэм и лIыгъэр зэрымыкIуэдар нэрылъагъути. Лъым и къабзагъэм, къупщхьэм и быдагъым мыхьэнэуэ иIэр къыбгурыIуэрт. Гъыбзэмрэ уэрэдыжьхэмрэ уапхыдэIукIрэ, щыгъуэ пэкIум хэтхэм я нэгум уиплъэмэ, къибджыкIырт гукъеуэ, Iэмалыншагъэ, гуауэ, тхыдэм и нэпкъыжьэ. ИлъэсищэкIэ зызымыгъэщхъахэм иджы зыхуагъэщхъырт ди адэжьхэм...

*(КIэухыр 2-нэ нап. итщ).*



Псэ жыгым деж...

3-нэ нап.



Тхьэкъуахъуэ Хьэжмурат и лIыгъэр

9-нэ нап.



ЩапхъэдахэQ

10-нэ нап.




11-нэ нап.



Кинематографист ныбжьыщIэхэм я зэфIэкI

12-нэ нап.

## Къэбэрдей-Балъкъэрыр фи гъусэщ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Луганск лъэпкъ республикэм хыхьэ Старобельскэ районым къыщыхъуа гузэвэгъуэр зылъысахэм яхуэгузэващ.**

- НЭЩХЪЕЯГЪУЭШХУЭ къыщыхъуащ Луганск лъэпкъ республикэм и Старобельскэ районым, - щетх Iэтащхьэм и Макснапэкlуцlым. - ЦIыху зэрымыс, бийм и езырылъатэхэр Егъэджакlуэхэр щагъэхьэзыр университетым и еджапlэ корпусымрэ общежитиемрэ теуащ, абы студентхэр щlэсу. Зэкlэ къата хъыбархэм япкъ иткlэ, цlыхуи 4 хэкlуэдащ, еджакlуэ 40 уlэгъэ хъуащ. Фэбжь зылъысауэ къыщlэкlынкlи хъунухэр иджыри къалъыхъуэ.

Дунейм теткъым киев унафэщlхэр зытегушхуа а щlэпхъаджагъэ гущlэгъуншэр сабийхэмрэ егъэджакlуэхэмрэ езыщlылlахэр зыгъэзэхуэн!

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыбгъэдэкlыуи, си щхьэкlи сахуогузавэ ЛНР-м и Унафэщl Пасечник Леонид, хэкlуэдахэмрэ уlэгъэ хъуахэмрэ зыщыщ унагъуэхэм, лей зытехьахэм. Фэбжь зыгъуэтахэр Тхьэм псынщlэу къызэфlигъэувэж! Къэбэрдей-Балъкъэрыр фи гъусэщ!

## Лей къатехьакъым

**Уэшхышхуэ къешхам и зэранкlэ, дыгъуасэ пщэдджыжьым Шэчэр псыр къыдэкlуейри, псыхъуэ нэпкъым къыщхьэдэуэхащ. Ар къыдэлъэдащ Уэзрэдж къуажэм и Октябрьскэ уэрэмым щыщ зы пакlэм.**

ХЭКIУЭДАИ лей къызытехьаи щыlэкъым, къуажэм и ухуэныгъэхэм и зэран екlакъым.

Щlыпlэм щолажьэ къэхъукъащlэхэм къриклуахэр пlэщlэгъуэкlэ зэзыгъэзэхуэж, гъуэгу, коммунальнэ lуэхущlапlэхэм я lэщlагъэлlхэр, район администрацэм и унафэщlхэр.

Щытыкlэр унафэщlхэм я нэlэ щlэтщ.

## ЩIыналъэм и зыужьыныгъэм хуэгъэпсауэ



**«Iуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупlэм къыщызэрагъэпэщынущ олимп, паралимп джэгухэм хыхьэ спорт лlэужьыгъуэхэм, абыхэм бгы-лыжэ, сноуборд, фристайл, ски-альпинизм хуэдэхэри яхэту, ди спортсменхэм зыщыхуагъэсэну иджырей lуэхущlапlэхэр.**

АР КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым дежкlэ икъукlэ мыхьэнэшхуэ зиlэ икlи зи чэзу lуэхуу щытщ, сыту жыпlэмэ ди къуршхэм зэпымыууэ зыщагъасэ ди къэралым и командэ къыхэхам хэт спортсменхэм. Урысейм и Правительствэм и Унафэщl Мишустин Михаил апхуэдэ пщэрылъ зыхуэфащэ lэнатlэхэм яхуищlауэ щытащ Правительствэм и комиссэм хэтхэм мэлыжьыхьым и 30-м щаlущlам. Минеральные Воды къалэм щызэхэта Кавказ инвестицэ зэхуэсышхуэм зэрыщаубзыхуам тету ирагъэкlуэкlауэ аращ а зэхуэсыр.

Урысейм Спортымкlэ, Экономикэ зыужьыныгъэмкlэ и министерствэхэм Кавказ.РФ-р ящlыгъуу фокlадэм и 1-м ипэ къихуэу ягъэхьэзырынущ lуэхум теухуа чэнджэщхэр. Премьер-министрым пщэрылъ ящищlахэм ящыщщ ди республикэм дежкlэ мыхьэнэшхуэ зиlэ нэгъуэщl зы lуэхуи, - жиlащ КъБР-м и lэтащхьэ Клуэклуэ Казбек зэlущlэм щытепсэлъыхьыжым, - ар «Кавказым пхыкl лъэпкъ лъагъуэ» щlыналъэхэм зэдай турист гъуэгуанэр зэтеухуэнырщ. Ар пхокl Дагъыстэным, Шэшэным, Ингушым, Осетие Ищхъэрэ - Аланием, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсымрэ Краснодар краймрэ. Дербент щыщlидзэу Сочэ деж щиухыу. Проектыр хьэзыру щытын хуейщ шыщхьэуlум и 5-м ирихьэлlэу, ар зэхэлъхьэным йолэжь Экономикэ зыужьыныгъэмкlэ, Щlыуэпс хъугъуэфlыгъуэхэмкlэ, Финансхэмкlэ министерствэхэр, КИФЩl-м хыхьэ щlыналъэхэмрэ Кавказ.РФ-мрэ я щlэгъэкъуэну.

Къимыдэкlэ, Кавказ Ищхъэрэм хыхьэ щlыналъэхэм зегъэужьынымкlэ lэмалыфlу къагъэлъэгъуащ удз гъагъэхэр гъэкlыныр. Мыбдежми щыхоплъэ къэрал дэlэпыкъуныгъэ зыгъуэт инвестицэ жэрдэмхэм.

Урысейм и Правительствэм и Унафэщlым КИФЩl-м и унафэщlхэм апхуэдэуи къахуигъэлъэгъуащ УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ, Экономикэ зыужьыныгъэмкlэ и министерствэхэм ящlыгъуу, цlыхухэм курыт lэщlагъэ егъэгъуэтын lэнатlэр егъэфlэкlуэным хуэгъэза программэ фокlадэм и 1-м ипэ къихуэу зэхалъхьэу икlи къащтэну. Абыкlэ я мурадыр лэжьапlэ lэнатlэхэр lэщlагъэлlхэмкlэ къызэгъэпэщынырщ.



# Псэ жыгым деж...

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).*

- Дуней псом текъухьа адыгэм ягу къагъэкlыж ди нэхъыжьыфlхэм зэрахьа лlыхъужьыгъэр, я щхьэр ирахьэх а зауэм хэкlуэдахэм щхьэкlэ, апхуэдэ гууз афlэкla къэмыхъужыну Тхьэм йолъэlу. Нобэ ди Щыгъуэ махуэщ, - жиlащ пэкlур къыщызэlуихым КъБР-м щэнхабзэмкlэ и министр Къумахуэ Мухьэдин.

Щыгъуэ пэкlум хэтхэм захуигъэзащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

- Ныбжьэгъу лъапlэхэ, ди къуэшхэ, ди шыпхъухэ! Кавказ зауэжьым и фэеплъым деж ноби дыщызэхуишэсащ ди блэкlам, ди тхыдэм. Дуней псом адыгэу тетым ягу къагъэкlыж зауэжьым къихьа хэщlыныгъэшхуэр, лъэпкъыу абы хэтахэм гузэвэгъуэрэ нэщlэбжьэу ялъэгъуар. Псом нэхърэ нэхъыбэу а зауэм хэщlыныгъэ щызыгъуэтар адыгэ лъэпкъращ. Илъэсищэм щlигъукlэ къимыкlуэта лъэпкъым и lыхьэ пщlанэрщ щlыналъэм къинар. Хэт Хэкужьым щыхэкlуэдащ, хэт нэгъуэщl щlыналъэ lэпхъуэн хуей хъуащ. Хамэщlым кlуахэм я нэгу щlэкlари гущlыхьэт. Зауэжьым и напэкlуэцlхэм, блэкlам дыщlогупсысыжри, абы и гуауэм ноби ди щlыфэр дотхытх, гуауэр хьэлъэу къытогъуалъхьэ ди псэм. Зэман кlыхькlэ апхуэдиз гуауэ зыгъэва адыгэ лъэпкъым ихъумэфащ бзэр, хабзэр, щэнхабзэр. Дуней псом щикъухьа адыгэхэм щхьэж зыщыпсэу къэралым пщlэ щиlэщ. Политикэм, гъуазджэм, спортым, гъащlэм и нэгъуэщl лъэныкъуэ куэдми ехъулlэныгъэ къызэрымыкlуэхэр къыщагъэлъагъуэ ди лъэпкъэгъухэм. Хэкужьым щыпсэу адыгэхэм пщlэрэ щlыхьрэ щаlэщ ди къэралым. Адыгэ-урыс зэхущытыкlэ гуапэм и лъабжьэщ лъэпкъым ди бзэмрэ щэнхабзэмрэ тхъумэжыным, едгъэфlэкlуэным теухуауэ Урысейм сытым дежи и гупэр къызэрытхуэгъэзар. Кавказ зауэжьым ипэкlи зауэ нэужьми адыгэ-урыс зэхущытыкlэ дахэм и щапхъэхэр хэтщ. Иджыри 1553 гъэм ныбжьэгъугъэр щlагъэбыдат адыгэхэмрэ урысхэмрэ - адыгэм ипхъу тхьэlухудыр Грозный Иван гъусэ хуэхъуат. Черкасскэхэр, Сэнджэлейхэр, Бековичхэр, нэгъуэщl лlакъуэхэри Урысейм lэнатlэхэм щыпэрытт пщlэрэ щlыхьрэ яlэу. Къэралым къуэуващ адыгэхэр Хэку зауэшхуэм и зэманми. Ноби ди щlалэ хахуэхэр щыlэщ дзэ lуэху хэхам. 2026 гъэр Лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу игъэуващ ди къэралым и Президент Путин Владимир. Абы щыгъуэми къыхигъэщащ къэралым лъэпкъ куэд зэрыщыпсэум ар лъэщ зэрищlыр.

Хамэ къэралхэр хэщlапlэ зыхуэхъуа ди лъэпкъэгъухэми лъэпкъым и цlэр фlыкlэ зыгъэlу цlыху щэджащэхэр къахокl. Дэнэ щlыпlэ дыщыпсэуми, адыгэр дызэкъуэтщ, дызэрощlэ. Дунейм щикъухьами, адыгэу щыlэм я плъапlэщ Хэкужьыр. Дэ зэи тщыгъупщэ хъунукъым зауэжьым и дерсыр, зэи тщыгъупщэ хъунукъым ди щlыналъэм щхьэкlэ зыкъэзыlэта, зи псэр зыта ди лъэпкъэгъухэм я фэеплъыр. Ди тхыдэ фэеплъым и саулыкъукlэ «Псэ жыгым» деж къекlуэлlахэм фlыщlэ фхузощl. Лъэпкъ тхыдэм къыхэщыж гуауэшхуэр тщызыгъэгъупщэн зэи Тхьэм димыгъэлъагъукlэ! - жиlащ Сэхъурокъуэм.

Зауэжьым зи псэр хэзылъхьахэм папщlэ къызэхуэсахэм дыуэ яригъэщlащ КъБР-м ис муслъымэнхэм я дин lуэхущlапlэм и унафэщlым и къалэныр пlалъэкlэ зыгъэзащlэ Клэрэф Жамболэт.

Дыуэ ящlа нэужь, дэнэ щlыпlэ щыпсэу адыгэхэри дакъикъэкlэ яхуэщыгъуащ Кавказ зауэм хэкlуэда ди лъэпкъэгъухэм. Абыхэм я фэеплъ Псэ жыгым удз гъэгъахэр тралъхьащ.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

# Лъэпкъым къыпэщыт къалэнхэр

**Ди газетым зэрытетащи, накъыгъэм и 20-м Дунейпсо Адыгэ Хасэм и lуэхущlапlэм щеклуэкlащ Адыгэхэм я щыгъуэ-щlэж махуэм теухуа «стlол хъурей». Зэlущlэм щытепсэлъыхьащ илъэси 101-кlэ екlуэкla Кавказ зауэм и lэужьым, щэнхабзэмрэ бзэмрэ нобэ я lуэху зытетым, Адыгэм и щыгъуэ махуэр зэрегъэкlуэкlын хуей жыпхъэм, лъэпкъым хуэщхьэпэн лэжьыгъэу ди щlэныгъэлlхэмрэ егъэджакlуэхэмрэ я гуащlэ къыхьым.**

ЗЭIУЩIЭР къызэlуихащ икlи иригъэкlуэкlащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий. Абы къырихьэлlат КъБР-м и Правительствэм и Унафэщlым и къуэдзэ Къуэшрокъуэ Залым, Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкlэ и институтым и унафэщl, тхыдэ щlэныгъэхэмкlэ доктор, профессор Дзэмыхь Къасболэт, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ и министр Езауэ Анзор, Егъэджэныгъэ lэнатlэм пэрытхэм я lэзагъым хэгъэхъуэнымкlэ зэпымыууэ лажьэ и центрым и унафэщl, тхыдэ щlэныгъэхэмкlэ доктор, профессор Къэжэр Артур, композитор, усакlуэ Хьэlупэ Джэбрэlил, нэгъуэщlхэри.

- Блэкlар тщымыгъупщэу, къэкlуэнум дегупсысу дыщытын щхьэкlэ, мы lуэхум ди щlэныгъэлlхэр, лъэпкъым хуэлажьэ, адыгэм папщlэ зил узхэр къедгъэблэгъащ ди зэlущlэм. Адыгэ лъэпкъыр лъэхъэнэ хьэлъэм къикlащ. Дигу къэдгъэкlыж зауэм ди пщlым и бгъур хэкlуэдами, ди нэхъыбэм я гъащlэр хэхэсу яхьми, дыкъызэтенащ, къэралыгъуэ дгъуэтыжауэ допсэу. Блэкlар блэкlам къыщонэ. Нобэ ди къалэн нэхъыщхьэр - ипэкlэ дыплъэу, ди быныр щlэныгъэрэ lэщlагъэкlэ къызэрызэдгъэпэщыным дыпылъу, лъэпкъым сэбэп зэрыхуэхъуным хуэдгъасэу тпlынырщ, - жиlащ Сэхъурокъуэм.

Къуэшрокъуэ Залым тепсэлъыхьащ адыгэ лъэпкъым нобэ игъуэтыжа хуитыныгъэмрэ къэралыгъуэмрэ.

- Ди блэкlар тщыгъупщэ хъунукъым, дауи, ауэ уи гум гужьгъэжь илъу упсэуным мыхьэнэ иlэкъым. Ди гуапэ зэрыхъунщи, нобэ дыщхьэхуитщ, ди щхьэ и унафэ тщlыжу, хабзэр ди гъуазэу, анэдэлъхубзэр ди щlасэу, щэнхабзэм дыхуэлажьэу дыкъокlуэкl. Зэгурымыlуэныгъэм фlым дызэрыхуимышэнур зыщыдвмыгъэгъупщэ. Мы махуэхэми адыгэ напэмрэ хабзэмрэ япэ идгъэщыну, щlыгъуэ-щlэж махуэр зэпlэзэрыту етхьэкlыну фыкъыхузоджэ, - жиlащ къулыкъущlэм.

Щlэныгъэлl, тхыдэ щlэныгъэхэмкlэ доктор, профессор Дзэмыхь Къасболэт убгъуауэ тепсэлъыхьащ Кавказ зауэжьым и lэужьу адыгэ лъэпкъыр дунейм текъухьа зэрыхъуам, абы къриклуам, нобэр къыздэсым хэхэсхэм я нэгу щlэкlым, зэлъэпкъэгъухэр зэрыгъуэтыжынымкlэ ДАХ-м илэжьым.

- Дызэрыщыгъуазэщи, илъэси 101-кlэ екlуэкla зауэжьым адыгэ лъэпкъым и лъэр щlиудат, и куцlым хыхьат. Апхуэдэ лей адыгэм къыщытехьэм, бийр и хуитыныгъэм, и нэм къыщеlэм, зауэлl лъэпкъыу къигъэщlати, lэщэр lэщlэлъэрэ зыщымысхьыжу зэуащ. Хэкум ираша ди лъэпкъэгъухэр къыщыхута къэралыгъуэми хуабжьу гугъу щехьащ: хуиттэкъым я бзэмкlэ псэлъэну, я унагъуэцlэхэмкlэ зрагъэтхыну, я бынхэм адыгэцlэ фlащыну. Щыхупlэм щхьэщытт ди хабзэр, бзэр, щэнхабзэр. Ауэ, адыгэм зихъумэжыну хущlэкъурт, зэрыlыгъти, щыпсэу къэралыгъуэхэм, щlыналъэхэм хасэ къыщызэрагъэпэщу щlадзащ. Дауэ хъуами, хэхэс адыгэхэм нобэм къахьэсащ ди хабзэри, фащэри, щэнри, бзэри, тхыдэри, - къыхигъэщащ Дзэмыхьым.

Мы махуэхэм республикэм щекlуэкlыну зэlущlэхэм, гъэлъэгъуэныгъэхэм теухуауэ унафэ зыбжанэ къыщащтащ зэlущlэм.

**ФЫРЭ Анфисэ.**





# Шэху уэздыгъи 101-рэ - Кавказ зауэм хэкІуэдахэм я фэеплъу

**Илъэси 162-рэ ипэкІэ адыгэхэр я Хэкум иІэпхъукІын хуей хъуами, лІэщІыгъуэм щІигъукІэ Кавказ зауэм уардэу хэта лъэпкъыр абы иращІыкІакъым, гугъуехь псори и фэм дигъэхуащ. Тхыдэм къызэрыджиІэщи, Тыркум яшэну цІыху минхэр хы ФІыцІэ Іуфэм Іутт, я къэкІуэнур ямыщІэу. Ауэ нэхъ лъапІэ дыдэу абыхэм яІыгъыр сытыт жыпІэмэ, ар я къуажэжь къыщащта щІы ІэмыщІэрат**...

ГЪЭ къэс адыгэхэр накъыгъэм и 21-м яхуощыгъуэ Кавказ зауэм хэкІуэдахэм. Абы ипэ къихуэ пщыхьэщхьэм, хабзэ зэрыхъуауэ, Налшык къалэм дэт Псэ жыг фэеплъым и деж лъэпкъ уэрэдыжьхэр щагъэІу, усэ къыщоджэ. Лъэпкъыр щызэхыхьэкІэ, и псэр къыхыхьэж хуэдэщ: тхыдэр и нэгу къыщІигъэхьэу, и нобэр зэригъэзахуэу, къэкІуэнум щІэгупсысу.

- БлэкІам къэгъазэ иІэкъым, блэкІам кІэлъыджэркъым, ауэ блэкІар икІи зыщагъэгъупщэркъым, - жиІащ КъБР-м щІыхь зиІэ и артист Хьэмырзэ Ахьмэд пшыхьыр къыщызэІуихым. - Ныщхьэбэ ди блэкІам дыщриплъэж, ар къыщытщІэж пІалъэщ. Адыгэм и тхыдэр шыкІэпшынэм къиІукІ макъымрэ джэгуакІуэм иуса гъыбзэмрэ хъэрамэхъищэу хэухуэнащ. Кавказ зауэм я Хэку яхъумэу, я щхьэхуитыныгъэм щІэзэууэ хэкІуэдахэм, Истамбылакlуэм ихьахэм, хэхэс гъащІэр натІэ зыхуэхъуа ди лъэпкъэгъухэм я фэеплъ-гукъэкІыж пшыхьщ дыщІызэхыхьар. Апхуэдэ щхьэусыгъуэхэм хуэдэ ди лъэпкъым афІэкІа имылъагъуну, дунейр мамыру щытыну ди хъуэпсапІэщ.

Пшыхьыр «ИстамбылакІуэ» уэрэдымкІэ къызэІуихащ КъБР-м и къэрал филармонием и артисткэ Хьэкъул Оксанэ. Абы къызэрыджиІамкІэ, а гъыбзэр зэрысабийрэ ещІэ. «Мы дауэдапщэр къызэрежьэрэ гъэ къэс мыбдеж «ИстамбылакІуэ» уэрэдыр щызогъэзащІэ. Си дежкІэ ар жэуаплыныгъэшхуэщ, сыту жыпІэмэ илъэсипщІ сыхъуу гъыбзэр жысІэн щІэздзагъэнщ. Абы япэу сыщІэзыгъэдэІуари си адэшхуэрт, - къыддогуашэ Оксанэ. - Нэхъ сыкъыдэкІуэтея нэужьи, ар зэпеуэхэм щызгъэзащІэу щытащ. Ауэ, пэжыр жысІэнщи, абы и мыхьэнэр нэсу а зэманым къызгурыІуэу щытауэ къыщІэкІынукъым. Илъэсхэр кІуэурэ, нэхъ кууурэ зыхэсщІащ абы адыгэм и гъуэгуанэ нэхъ гууз дыдэр, и Хэкур зэрибгынар, къызэрытхуиІуэтэжыр. Ди адэшхуэ-анэшхуэхэм ди лъэпкъым теухуауэ дызыщІагъэдэІуахэр тщымыгъупщэу, хабзэм дытету дэтхэнэ адыгэри мы махуэхэм фэеплъым деж къекІуэлІэн хуейуэ къызолъытэ».

УэрэджыІакІуэ ныбжьыщІэхэу куэдым я гум дыхьэну хунэса Дау Аминэрэ Щокъуий Муратрэ жаІащ «Іуащхьэмахуэ» уэрэдыр. «Мы уэрэдым и псалъэхэр зытхар ТІэш Хьэмидщ, макъамэр Даур Аслъэнрэ Сокъур Ольгэрэ ейщ, - къыджиІащ Аминэ зыщыхуэдгъазэм. - ЗэрыфщІэщи, абы къыщыІуэтар хэхэс адыгэм и гум щыщІэрщ, Хэкур и плъапІэу абы уз зэригъэвырщ, къигъэзэжыну щыхуэзэфІэмыкІми, лъэпкъ хабзэмрэ щэнхабзэмрэ абы ІэщІыб зэримыщІырщ. ИкъукІэ ди гуапэщ икІи ди дежкІэ пщІэшхуэщ илъэс ещанэ хъуауэ мы пшыхьым дыхэтыну дыкъызэрырагъэблагъэр. Ди лъэпкъэкъухэм яшэчар тщІэжу, абыхэм дахуэфащэу дунейм дытетын зэрыхуейрщ мы Іуэхур зытеухуар. Сабийхэр цІыкІуми, мыбы хэтыну къыздызошэ, сыхущІокъу ди бзэ, ди хабзэ абыхэм езгъэщІэну. СызэреплъымкІэ, щыцІыкІум щегъэжьауэ щІэблэр лъэпкъ Іуэхухэм щыгъуазэу къэгъэтэджыпхъэщ».

КъБР-м щІыхь зиІэ и артист ДыщэкІ Артуррэ Чылар Нэсрэнрэ (пшынэ еуэу) зэгъусэу пшыхьым хэтащ. ЩІалэхэм я гупсысэ, гурыгъу-гурыщІэ къытхуаІуэтэну защыхуэдгъазэм, ДыщэкІым япэу псалъэр къиштащ: «ЛІэщІыгъуэрэ ныкъуэм щІигъу ипэкІэ псэуа ди лъэпкъэгъухэм ягъэва бэлыхьымрэ я гукъеуэмрэ дигу къыщыдгъэкІыж пшыхьщ дызыхэтыр. Ди щІэблэкІэ апхуэдэ зэи Тхьэм димыгъэлъагъукІэ. Пшыхьым щыдгъэзэщІа уэрэдыжьым зэреджэр «Гъуэгу жыжьэщ». А зэманым залымыгъэкІэ Хэкур зрагъэбгынахэм къащІэхъуэжахэм яусыжа уэрэдщ. Нобэ зэлъэпкъэгъухэр зэпэІэщІэу дуней псом текъухьа хъуами, иджы хуиту дызэкІэлъокІуэ. Абы и фІыгъэкІэ мы уэрэдри къытІэрыхьэжащ. Апхуэдэ уэрэд щІэдусын щхьэусыгъуэ Алыхьым къытхукъуимыгъэкІ, гуфІэгъуэр дибзу лъэпкъыр дигъэпсэу».

- «Гъуэгу жыжьэ» уэрэдым и макъамэр Тырку щІыналъэм къыщалъхуа Сасыкъ Щамил зэхилъхьащ, псалъэхэр зытхар Чып Индатщ. Мы уэрэдыр дапщэщи догъэзащІэ, хэкурысхэр абы щыдгъэгъуазэмэ тфІэфІу, - пещэ Нэсрэн. Ар езыр Тыркум и къалащхьэ Анкара къыщалъхуащ, къыщыхъуащ, илъэс 13 мэхъу Хэкум къызэригъэзэжрэ. Абы къыздишэжащ и унагъуэри.

КъыкІэлъыкІуэу ШыкІэбахъуэ Ислъам «Сэрмахуэ» уэрэдыр игъэзэщІащ. Абыи къыджеІэ: «Адыгэм къатепсыха гуауэм къытехъукІащ уэрэдыжьыр. Уи блэкІар умыщІэу, уи къэкІуэнур зыхуэдэ хъунур пщІэнукъыми, мыпхуэдэ фэеплъ махуэхэр щІыдиІэн, дыщІызэхыхьэн хуейр аращ. ЩІэблэм ди тхыдэр, щэнхабзэр едгъэщІапхъэщ».

«Шэджэм псыкъелъэхэр» ансамблым хэтхэм «Уэзы Мурат» уэрэдымрэ «Адыгэ пщыжьхэм я тхьэусыхафэ» жыхуиІэмрэ утыку кърахьащ. Гупым къабгъэдэкІыу Щоджэн Таймураз къыджиІащ: «Адыгэм и гугъуехьым, и фэм дэкІам теухуащ мы уэрэдитІри. Щыгъуэ-щІэж махуэм теухуа мы Іуэхугъуэм дыхэмыту ди гупым зы илъэс къигъанэркъым, лъэпкъым и блэкІам дыхуэсакъыпхъэу къыдолъытэри. Тыркум къикІыжа щІалитІ къыдбгъэдыхьати, жаІаращ: «Ди адэжьхэм ягъэунэхуар гузэвэгъуэшхуэщ, абы къащІэхъуэжахэм ар зыхыдощІэри, мыбдеж щыт «Псэ жыгыр» ди гум щыщ Іыхьэщ». Арауэ къысщохъу мы фэеплъ махуэм и мыхьэнэ нэхъыщхьэр. СыщогуфІыкІ ныбжьыщІэ цІыкІухэри мы Іуэхухэм хэплъэну къызэрыздашэм, нэхъыжьхэр дыІукІуэтмэ, ди тхыдэр зыщІэжын, абы пызыщэн дыхуейкъэ?!»

ШыкІэпшынэ еуэу Къуныжь Хьэмид игъэзэщІащ ХьэхъупащІэ Амырхъан «Къреплъэ ди адэхэр» и уэрэдыр. ПІаз ФатІимэ, сыт щыгъуи хуэдэу, гум хыхьэу къеджащ Бемырзэ Мухьэдин «Адыгэу ущытыным къикІыр» и усэмрэ Бэлагъы Любэ и «Ахын» ІэдакъэщІэкІымрэ. Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артист Бейтыгъуэн Жамболэт къеджащ Шинкубэ Бэгърат и «ЖылакІэ» романым щыщ пычыгъуэ.

«Нарт Хэку» жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэт щІалэгъуалэм жьэрымэ ягъэуати, хьэлыуэрэ абырэ пшыхьым къекІуэлІауэ зыІуамыгъэхуа къагъэнакъым.

Фэеплъ пшыхьыр аргуэру зэщыхьэт зэрытехъуащи, адыгэм сыт щыгъуи гъыбзэхэмрэ уэрэдыжьхэмрэ и губампІэдэхыу щытащ. Апхуэдэуи абыхэм тхыдэр тхуахъумащ, блэкІар сыт хуэдизу гуузу щымытми, дриплъэжын, ди къуэпсхэр тщымыгъупщэн папщІэ. 1864 гъэм накъыгъэм и 21 махуэр адыгэгум зэи ихунукъым. Кавказ зауэр зэрекІуэкІа илъэс бжыгъэм хуэдизи хъууэ, шэху уэздыгъи 101-рэ а пщыхьэщхьэм щІагъэнащ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*




# Дзэлыкъуэр гъэшымкІэ япэ итщ

**Мы гъэм и япэ мазищым Къэбэрдей-Балъкъэрым и районхэм я мэкъумэш, фермер, уней ІуэхущІапІэхэмрэ унагъуэхэмрэ зэхэту гъэшу къыщашам и куэдагъымкІэ Дзэлыкъуэ щІыналъэр япэ ищащ, тонн мин 21,5-рэ иІэу. Абы нэмыщІ, республикэм ар щыпэрытщ гъэшу къашым и куэдагъым нэхъ псынщІэу хэзыгъэхъуахэмкІи: нэгъабэ и апхуэдэ пІалъэм щыІа бжыгъэхэм проценти 109,1-кІэ хуокІуэ.**

ЕТІУАНЭ увыпІэм щытщ Бахъсэн щІыналъэр, тонн мин 18-м нэблагъэ иІэу. Ещанэр Шэрэдж районырщ - тонн мин 14,3-рэ, адэкІэ къакІэлъокІуэ Тэрч (тонн мини 9,1-рэ), Прохладнэ (тонн мини 8,2-рэ) районхэр. Апхуэдэуи, къапщытэж пІалъэм къриубыдэу республикэм гъэшу къыщашам и процент 70-м нэблагъэр мыбыхэм къалъос.

КъищынэмыщІауэ, 2026 гъэм и щІышылэм - гъатхэпэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш, фермер, уней ІуэхущІапІэхэмрэ унагъуэхэмрэ зэхэту гъэшу къашар тонн мини 102,3-рэ хъуащ икІи ар нэгъабэ и апхуэдэ пІалъэм яхузэфІэкІам нэхърэ процент 1,6-кІэ нэхъыбэщ.

**ЩЭУЕЙ Былэ.**

# ТхакIуэ, егъэджакIуэ, журналист

## Дудар Хьэутий къызэралъхурэ илъэси 105-рэ ирокъу



*Дудар Хьэутий Мызэ и къуэр 1921 гъэм накъыгъэм и 15-м Бахъсэн районым щыщ Къулъкъужын Ищхъэрэ къуажэм (Къуэнхьэблэ) къыщалъхуащ. Курыт еджапIэр къиуха нэужь, егъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэу Налшык дэт институтым и егъэджакIуэ курсхэм 1938 - 1940 гъэхэм щеджащ. 1940 гъэм я къуажэ игъэзэжри, курыт еджапIэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ щригъэджащ 1942 гъэ хъуху. И узыншагъэр зэрымыщIагъуэм къыхэкIыу Хэку зауэшхуэм ягъэкIуатэкъым Хьэутий. 1942 - 1944 гъэхэм ДударырТырныауз вольфрам-молибден комбинатыр зэфIэзыгъэувэжахэм яхэтащ, абы папщIэ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкIэ «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм и зэманым и къару емыблэжу зэрылэжьам папщIэ» медалыр къыхуагъэфэщауэ щытащ.*

*ЕгъэджакIуэ, журналист лэжьыгъэхэр абы зы пIалъэкIэ зэдихьащ: газетхэм тхащ, радиом къыщыпсэлъащ. 1945 гъэм ар Радиокомитетым ирагъэблэгъащ икIи илъэситIкIэ «ХъыбарыщIэхэр» редакцэм и редакторащ. 1947 - 1949 гъэхэм «Къэбэрдей пэж» газетым щылэжьащ. ИужькIэ Ленинград дэт консерваторэм щIэтIысхьащ, ауэ и узыншагъэм къызэримыхьым къыхэкIкIэ, къиухыну къехъулIакъым.*

*1952 гъэм къыщыщIэдзауэ Дудар Хьэутий «Къэбэрдей пэж» газетым и литературэ лэжьакIуэщ. КъищынэмыщIауэ, и къалэмыпэм къыщIэкIащ драмэ, прозэ тхыгъэ куэд. Абыхэм ящыщхэр къыщыдэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхылъ тедзапIэм икIи ахэр лъабжьэ зыхуэхъуа спектакль зыбжанэ театр зэмылIэужьыгъуэхэм щагъэуващ. Ди республикэм и театр гъуазджэм зегъэужьыным жыджэру зэрыхэлэжьыхьам папщIэ 1973 гъэм къыфIащащ «КъБАССР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр.*

*Дударыр Урысейм и ТхакIуэхэми Журналистхэми я зэгухьэныгъэхэм хэтащ.*

*ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым абы и пьесэу щагъэувар зыбгъупщIым нызэрохьэс. «Нэчыхьытх» пьесэр ди театрым къыщымынэу, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Дагъыстэным, Башкирием, Шэшэным, Ингушым щагъэлъэгъуащ.*

*Дударым и гушыIэхэмрэ ауанхэмрэ куэд мэхъу. Абыхэм я нэхъыфIхэр гъэщIэгъуэнщ, купщIафIэщ, щIэщыгъуэщ. ТхакIуэм телъыджэу къигъуэтырт икIи и гурыщIэкIэ, и гупсысэкIэ шэрыуэу иузэщIырт и щIэнэкIалъэхэри, и гушыIэхэри. Дерс гуэр хэмылъу, зыгуэркIэ уи гум къемыпIэстхъыу, уимыгъэпIейтейуэ абыхэм яхэтыр мащIэщ.*

*Дудар Хьэутий дунейм ехыжащ 1994 гъэм накъыгъэм и 5-м.*

* * *

Дудар Хьэутий метритIым нэсын щIалэ кIыхьышхуэт. Абы куэд тегушыIыхьырт. 1977 гъэм къыдэкIа «ГушыIэхэмрэ ауанхэмрэ» тхылъым и пэублэ псалъэм мыращ езы Хьэутий щиттхар абы теухуауэ: *«Къулъкъужын нэхъ къуажэ кIыхь Бахъсэн районым дэнэ къэна, республикэ псом иткъым. А къуажэшхуэм сэ сыкъызэрыщалъхуам шэч къыщIытепхьэн щыIэкъым. Сыту жыпIэмэ, сэр нэхъ лIы кIыхь къэгъуэтыгъуейщ. Си ныбжьыр илъэс щэ някъуэм щIигъуами, си ныбжьэгъухэм я фIэщ хъуркъым хэхъуэн щызгъэтауэ. Сахуэзэху, къысхудэплъейуэ, ахэр къызохъурджауэ: «Уа, Дудар и къуэ, нобэми ныжэбэми удокIейри», - жаIэри. Си инагъым теухуауэ апхуэдэ хъуэрыбзитху-хы къыщызамыдз махуэ дэкIыркъым. Ауэ сэ зызгъэгусэркъым, садогушыIэжри сапокI. Еджагъэшхуэхэм къызэрахутащи, цIыху кIыхьхэр икIи тэмакъкIыхьщ.*

*Хэти сыти жрыреIэ: хэхъуэн зэрыщызгъэтыжар сэ фIыуэ сощIэж. Тхэн къыщыщIэздзари абы щыгъуэщ. Си инагъымрэ абы папщIэ зи жьэр скIэрызымыгъэкI си ныбжьэгъухэмрэ я фIыщIэуи къыщIэкIынщ гушыIэ жанрым сызэрыдихьэхар.*

*Сэ стхауэ ди театрхэм ягъэуващ «Нэчыхьытх», «КъуийцIыкIу», «Фыз Iэзэ», «Хьэлэлыжьрэ Хьэрэмыжьрэ», «ЗэгъунэгъуитI» жыхуиIэ пьесэхэр, нэгъуэщIхэри.*

*Си тхылъ зыбжани дунейм къытехьащ.*

*Хэхъуэн зэрыщызгъэтыжрэ куэд щIами, гушыIэн зэрыщызмыгъэтыжам и щыхьэтщ мы сборникыщIэр. Ауэ си щхьэр зыхуэзгъэщхъ тхылъеджэм ар игу ирихьауэ зэхэсхмэ, иджыри сэ схуэдиз схэмыхъуэну си фIэщ хъуркъым».*

*Ди гуапэу тыдодзэ Дударым и гушыIэхэм щыщхэр.*

### Яку дэлъ тIэкIурщ

Ди къуажэ псом Хьэдис нэхъ щIалэфI дэстэкъым. Ауэ, езым гу лъимытэжурэ, ар фадэм дихьэхащ. Фадэм япэрей Хьэдис щIалэфIым и хъубжэр хуригъэщIыжри, етIуанэрей Хьэдис цIыху кIуэдар абы и пIэм иригъэуващ.

Иджы Хьэдис и цIэр щыгъупщэжыху ефэрт, кIуэжырти, и бынунагъуэ хъарзынэм яхэзэухьырт. Абы и щхьэгъусэр куэдрэ къелъэIуащ: «КхъыIэ, Хьэдис, дызэдэбгъэпсэунумэ, фадэр щыгъэт!» - жиIэурэ. Щымыхъужыххэм, фызыр щIэпхъуэжащ.

ИтIани Хьэдис ефэрт. Нэхъ Iеижу ефэрт. Ауэ, гъэщIэгъуэныратэкъэ, ефэ пэтми, фадэр езэгъыртэкъым: щефэкIи тхьэусыхэрт, щыпкърыкIыжкIи гызырт.

Зы пщэдджыжь гуэрым Хьэдисхэ я гъунэгъу лIыжьыр къеупщIащ:

- Уи Iуэху дауэ щыт, си щIалэ? - жиIэри.

- Хьэлэчщ! Дыгъуасэ сефауэ си щхьэр фIех! - гурымащ Хьэдис.

- Уи Iуэхур къызгурыIуэркъым, си щIалэ, - пищащ лIыжьым и псалъэм. - УщефэкIи утхьэусыхэу жаIэ, щыппкърыкIыжкIи уогыз: щомызэгъкIэ щхьэ уефэрэ?

- Сыщефэмрэ щыспкърыкIыжымрэ яку дэлъ тIэкIуращ сыщIефэр! - жэуап итыжащ Хьэдис.

- А-а!.. Iэлэхьэ, си щIалэ, мис иджы къызгурыIуам уэ узытеунэхъуар! - жиIэри лIыжьыр щэтащ.

### Дауэ пхуэгъэгъуа?

Ахьмэд шыгукIэ бэзэрым къикIыжырт. Абы и бэзэр Iуэхухэри хъарзынэу зэфIигъэкIати, адыгэ уэрэдыжьыр къыхидзарэ зригъэщIеикIауэ шыгум ист. ШитIыр апхуэдизкIэ уэдыкъуати, я дзажэналъэ къыхэпIиикIхэм утеуIуамэ, Ахьмэд жиIэ уэрэдым и макъамэр тыншу къыпхуигъэкIынт.

Ауэрэ здэкIуэм, щIалэ гъуэгурыкIуэ къыхуэзащ.

- КъитIысхьэ, ныбжьэгъу, уздэсшэнщ! - жиIащ Ахьмэд.

ГъуэгурыкIуэм, шыгум къызэритIысхьэххэу, шитIыр зэпиплъыхьу хуежьащ.

- СлIо, ныбжьэгъу, шы уи щыпэлъагъу? Мы си шитIыр сыту хуабжьу зэпуплъыхьрэ?

ЗдэкIуэм нэсыху гъуэгурыкIуэм зыри жиIакъым.

- Бэзэр кIуам зы дзажэ цIынэ къэсщэхуати, схуэмыгъэгъуу хьэпIацIэм сфIызэщIищтащ, - жэуап итыжащ щIалэм, шыгум щелъэжым. - Е гъуэгу махуэрэ, хьэпIацIэ химыщIэу уэ мы уи шитIыр дауэ пхуэгъэгъуа?

### Уэ узэрыпIащIэр зыми щыщкъым

Къарэрэ Жэмалрэ я псэр зы чысэм илът. А тIур зэрызэныбжьэгъурэ илъэс Iэджэ щIат. Щызэрымылъагъу махуэри гъащIэм хабжэртэкъым. Апхуэдэу екIуэкIыурэ Къарэ къулыкъу тIэкIу кърatащ. Къыщратым, абы и ныбжьэгъу Жэмал зыщидзей хъуащ.

Зэгуэр зэныбжьэгъуитIыр уэрамым щызэхуэзащ. Щызэхуэзэм, зыр гуфIащ, адрейм и нэщхъыр зэхигъэуащ.

- СигукIи си псэкIи сынохъуэхъу, Къарэ! - жиIащ Жэмал къыпыгуфIыкIыу. - Ауэ иджыри къэс узэрыщыта Къарэу къэнэж. Зыщумыгъэгъупщэ: къулыкъум цIыхур щызэIигъэхьэ къохъу. Сакъ, си ныбжьэгъужь!

- Уэлэхьи, уэ уи уазым седаIуэу сыщытыну сэ зэман симыIэ. Совещанэ езгъэкIуэкIын хуейуэ сопIащIэ. ФIыкIэ! - жэуап итыжщ Къари IуигъэзыкIыжащ.

Абы иужькIэ зы мази дэкIагъэни! Зы илъэси дэкIагъэни! Ауэ Къарэ и ныбжьэгъум зэрызыщидзейм хуэдэт.

Апхуэдэу екIуэкIыурэ, Къарэ зы хьэдыгъуэдахэ гуэрхэр зэхищIыхьри, и къулыкъум къытрахужащ. Къытрахужа къудей мыхъуу, суд къихьыным иIэжар зы тIэкIунитIэщ.

Зэгуэр зэныбжьэгъужьитIыр уэрамым щызэхуэзащ. Щызэхуэзэм, зыр гуфIащ, адрейм и нэщхъыр зэхигъэуащ.

- Дунейм щхьэ утемытыжрэ, Жэмал? Сыт бгъахъэхэр? Сыт уи узыншагъэ? - Къарэ къыпыгуфIыкIыжу пхъуэри IитIкIэ Жэмал и Iэр иубыдащ.

- Уэлэхьи, уэ жыпIэм седаIуэу сыщытыну сэ зэман симыIэ. Адэ зэ сыныщохъуэхъуам уэ узэрыпIэщIар зыми щыщкъым, иджыпсту сэ сызэрыпIащIэм елъытауэ! - жиIэщ, Къарэ хэтIауэ къигъанэри, Жэмал IуигъэзыкIыжащ.

## Мы махуэхэм

**Накъыгъэм и 23**, *щэбэт*

**♦Шылъэгум и дунейпсо махуэщ**

**♦1955 гъэм** къалъхуащ адыгэ хьэрычэтыщIэ цIэрыIуэ, «Шиферник» ОАО-м (Краснодар) и генеральнэ директор **Сагуэ Хьид**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 21-рэ, жэщым градус 15 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 4-кIэ зихъуэжынущ.

**Накъыгъэм и 24**, *тхьэмахуэ*

**♦Славян тхыбзэмрэ щэнхабзэмрэ я махуэщ**

**♦IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэр къыхэхыныр, ахэр IэнатIэ гъэувыныр зи къалэным и махуэщ**

**♦Паркхэм я европэпсо махуэщ**

**♦1918 гъэм** къалъхуащ Совет Союзым и ЛIыхъужь **Иуан Хьэсэн**.

**♦1940 гъэм** къалъхуащ шэрджэс усакIуэ, тхакIуэ **Анзор Мухьэмэд**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 20, жэщым градус 15 щыхъунущ.

**Накъыгъэм и 25**, *блыщхьэ*

**♦ЯфIэкIуэда сабийхэм я дунейпсо махуэщ**

**♦УФ-м щагъэлъапIэ Филологым и махуэр**

**♦1923 гъэм** къалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Къамбий Мухьэб**.

**♦1932 гъэм** къалъхуащ Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхубэ усакIуэ **Тут Михаил**.

**♦1940 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, журналист, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Тхьэмокъуэ Барэсбий**.

**♦1950 гъэм** къалъхуащ парт, къэрал лэжьакIуэ, республикэм и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэу, КъБР-м и къэрал чэнджэщэгъуу щыта, УФ-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ **Бозий Натбий**.

**♦1952 гъэм** къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, Урысейм транспортымкIэ и академием и действительнэ член **ЗекIуэрей Аслъэн**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 20, жэщым градус 15 щыхъунущ.

***Къытхэхъуащ***

Къэбэрдей-Балъкъэрым дыгъуасэ къыщалъхуащ сабий 16. Абыхэм ящыщу 9-р хъыджэбз цIыкIущ, 7-р щIалэщ. Накъыгъэм зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 474-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 3477-рэ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Уигу ирихьыр фIыщ, фIыуэ плъагъур дахэщ.**

## Музейм и тхыдэм зыщагъэгъуазэ



**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ МВД-м и тхыдэ музейм зыщаплъыхьащ Май районым щыщ школакIуэхэм, апхуэдэуи МВД-м и лэжьакIуэхэу нэгъуэщI щIыналъэхэм къикIыу Налшык къалэ зыщагъэпсэхуну къэкIуахэм.**

ХЬЭЩIЭХЭМ къаIущIащ музейм и унафэщI Казаченкэ Еленэ икIи ведомствэм и ветеранхэм ящIыгъуу, ирагъэблэгъахэм зыщрагъэплъыхьащ, гъэщIэгъуэн куэдым щагъэгъуазэу. Ахэр къекIуэлIахэм ядэгуэшащ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и органхэм я тхыдэ къулейм щыщ гъэщIэгъуэнхэмкIэ, тепсэлъыхьащ лэжьакIуэхэм я лIыхъужьыгъэхэм, я къалэн мытыншым, хабзэмрэ республикэм щыпсэухэм я шынагъуэншагъэмрэ къызэгъэпэщыным хуащI хэлъхьэныгъэм.

ШколакIуэхэм куэд къащIащ икIи ар тхыдэм и дерс яхуэхъуащ, Хэкум къулыкъу хуэщIэным и лIыхъужьхэр зрагъэцIыхуащ. МВД-м и лэжьакIуэхэу зыгъэпсэхуакIуэ къэкIуахэм Iэмал ягъуэтащ Урысейм и щIыналъэхэм я зым щыIэ я IэнатIэм и тхыдэм зыщагъэгъуэзэну, абы и лъабжьэр зыгъэтIылъа я лэжьэгъухэм пщIэ хуащIыну.

**БАХЪСЭН Ланэ**.

## Мэрем, накъыгъэм и 29

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.40** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** Давай поженимся! (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.45** «Поле чудес» (16+)
**21.00** «Время»
**21.45** Что? Где? Когда? (16+)
**22.55** «Команды» (16+)
**23.55** Д/ф «История рок-фестиваля Revival 69» (18+)
**01.35** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00, 18.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «КУЛАГИНЫ. НОВЫЕ СЕРИИ» (16+)
**17.00** Прямой эфир (16+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** «Поймай меня, если сможешь» (12+)
**23.35** Х/ф «НЕКРАСИВАЯ» (16+)
**03.10** Х/ф «АЛЕКСАНДРА» (16+)

### НТВ

**04.35, 09.25, 10.35** Т/с «ПЕС» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00** «Сегодня»
**08.25** Д/с «Мои университеты. Будущее за настоящим» (16+)
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «ДНК» (16+)
**17.55** «Жди меня» (12+)
**20.00** Т/с «МАГИСТРАЛЬ» (16+)
**00.20** «Своя правда» с Романом Бабаяном (16+)
**02.05** «Квартирный вопрос» (0+)
**03.00** Т/с «АГЕНТ НАЦИОНАЛЬНОЙ БЕЗОПАСНОСТИ. ВОЗВРАЩЕНИЕ» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.45** Т/с «НА ДАЛЬНЕЙ ЗАСТАВЕ» (16+)
**07.40** «Легенды кино». Наталия Белохвостикова (12+)
**08.30** «Легенды музыки». «Московская государственная консерватория им. П.И. Чайковского» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00, 19.00** Новости дня (16+)
**09.20** «Ищу своих» (12+)
**10.10** «Жить после» (16+)
**10.45** «Специальный репортаж» (16+)
**10.55, 13.25** Х/ф «БЕРЕГ» (16+)
**14.25, 15.05** Х/ф «В ПОСЛЕДНЮЮ ОЧЕРЕДЬ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**16.50, 17.15** Х/ф «ТИХАЯ ЗАСТАВА» (16+)
**19.40** «Загадки века с Сергеем Медведевым». Д/с. «Крах операции «Плющ» (12+)
**20.30** «Война миров». Д/с. «Битва гигантов. Как в СССР и на Западе создавали сверхлинкоры?» (16+)
**21.20** «Специальный репортаж. Что русскому смешно...» (16+)
**22.00** «Здравствуйте, товарищи!» (16+)
**23.30** «Музыка+» (12+)
**00.50** Х/ф «ОТПУСК ЗА СВОЙ СЧЕТ» (16+)
**03.00** Х/ф «МЕДОВЫЙ МЕСЯЦ» (16+)
**04.35** «Ступени Победы». Д/с (16+)
**05.10** «Перелом. Хроника Победы». Д/с (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** Диалоги о животных
**07.20, 13.00** Д/с «В поисках истины»
**08.20, 19.00** Д/с «Почерк эпохи» с Кириллом Кяро»
**08.50** Х/ф «И ЭТО ВСЕ О НЕМ» (16+)
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.50** Новости культуры
**10.20** Шедевры старого кино
**12.00** Д/ф «Роман в камне»
**12.45** Д/с «Первые в мире»
**13.55** Д/с «Вначале было дело, или История русской промышленности»
**14.25** Т/с «ТАЛАНТ» (16+)
**15.35** Энигма
**16.30** Письма из провинции
**17.15** Д/с «Коллекция Петра Шепотинника»
**17.50** Д/с «Слово о словах»
**18.10, 02.15** Исторические концерты
**19.45** Д/с «Искатели»
**20.30** Линия жизни
**21.25** Х/ф «ДАЧА» (16+)
**22.50** «2 Верник 2»
**00.10** Х/ф «ЛЕДИ МАКБЕТ МЦЕНСКОГО УЕЗДА» (16+)
**01.30** Д/с «Искатели»

### МАТЧ!

**06.00** «Команда мечты» (12+)
**06.30** «Формула-1. Гаснут огни» (12+)
**07.00, 15.25** Новости
**07.05, 13.25, 14.55, 21.20, 00.00** Все на Матч! Прямая трансляция
**08.30** Хоккей. Чемпионат мира. 1/4 финала. Трансляция из Швейцарии (12+)
**10.35** Небесная грация (6+)
**10.55** Синхронное плавание. Кубок мира. Соло. Прямая трансляция из Испании
**13.55** Синхронное плавание. Кубок мира. Смешанные дуэты. Прямая трансляция из Испании
**15.30** Еврофутбол. Лучшие голы сезона (6+)
**16.30** Смешанные единоборства. One FC. Прямая трансляция из Таиланда
**19.25** Футзал. Бетсити. Суперлига. Финал. Прямая трансляция
**22.00** Смешанные единоборства. Hexagone MMA. Прямая трансляция из Франции
**00.55** Автоспорт. Дрифт. RDS GP. Трансляция из Ленинградской области (6+)
**01.55** Бильярд. BetBoom. Лига чемпионов. 1/2 финала. Трансляция из Москвы (6+)
**03.55** Новости (0+)
**04.00** Бокс. Кубок Победы. Трансляция из Перми (16+)

## Щэбэт, накъыгъэм и 30

### 1

**06.00** Телеканал «Доброе утро. Суббота»
**09.00** «Умницы и умники» (12+)
**09.45** «Слово пастыря» (0+)
**10.00, 12.00** Новости
**10.15** «Хочется праздника» (12+)
**11.10** Д/ф «Сила ароматов. Горы» (12+)
**12.15** «Наше все. Сделано в России» (12+)
**13.05** Т/с «ШИФР» (16+)
**17.10** «Кто хочет стать миллионером?» (12+)
**18.00** Вечерние новости
**18.20** «Сегодня вечером» (16+)
**21.00** «Время»
**21.35** Бокс. Д. Бивол - М. Айферт. Бой за титул Чемпиона мира по версиям WBA и IBF. Прямая трансляция из Екатеринбурга
**23.00** Д/ф «История Мэрилин Монро». К 100-летию со дня рождения великой актрисы (16+)
**00.00** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России. Суббота
**08.00** Местное время. Суббота
**08.35** «По секрету всему свету»
**09.00** «Формула еды» (12+)
**09.25** «Пятеро на одного»
**10.10** Сто к одному
**11.00, 14.00, 17.00, 20.00** Вести
**11.30** «Наши. Военкоры» (12+)
**12.00** «Доктор Мясников» (12+)
**13.00** Большие перемены
**14.30** Вести. Местное время
**14.50** «Юмор! Юмор! Юмор!!!» (16+)
**17.50** «Привет, Андрей!» (12+)
**20.50** Вести. Местное время
**21.00** Х/ф «ТЕБЕ ЗВОНИТ СУДЬБА» (16+)
**00.40** Х/ф «РАЗВОД С ПРЕПЯТСТВИЯМИ» (16+)
**04.00** Х/ф «МАМА НАПРОКАТ» (16+)

### НТВ

**04.45** Х/ф «КОНТРАКТ НА ЛЮБОВЬ» (16+)
**06.20** «Жди меня» (12+)
**07.20** «Смотр» (16+)
**08.00, 10.00, 16.00** «Сегодня»
**08.20** «Поедем, поедим!» (16+)
**09.20** «Едим дома»
**10.20** «Главная дорога» (16+)
**11.00** «Живая еда» с Сергеем Малоземовым» (12+)
**12.00** «Квартирный вопрос» (0+)
**13.00** «Детская Новая волна» (0+)
**15.00** «Своя игра» (0+)
**16.20** ЧП. Расследование (16+)
**17.00** «Следствие вели...» (16+)
**19.00** «Центральное телевидение» с Вадимом Такменевым
**20.20** «Ты не поверишь!» (16+)
**21.25** «Звезды сошлись» (16+)
**23.00** «Импровизаторы» (16+)
**00.00** Квартирник НТВ у Маргулиса (16+)
**01.35** ЧП. Расследование (16+)
**02.05** «Дачный ответ» (0+)
**03.00** Т/с «АГЕНТ НАЦИОНАЛЬНОЙ БЕЗОПАСНОСТИ. ВОЗВРАЩЕНИЕ» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.35** Х/ф «ИВАН ДА МАРЬЯ» (16+)
**07.15** Х/ф «Я СЛУЖУ НА ГРАНИЦЕ» (16+)
**09.00, 13.00, 19.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Второе мнение» (12+)
**09.45** «СССР. Знак качества» с Иваном Охлобыстиным» (12+)
**10.35** «Не факт!» (12+)
**11.05, 13.20, 19.25** Т/с «ПОД ПРИКРЫТИЕМ» (16+)
**01.15** Х/ф «ВЫЙТИ ЗАМУЖ ЗА КАПИТАНА» (16+)
**02.45** Х/ф «СИЦИЛИАНСКАЯ ЗАЩИТА» (16+)
**04.15** Х/ф «ГОЛУБЫЕ ДОРОГИ» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** Д/ф «Роман в камне»
**07.05** М/ф «Проделки Рамзеса»
**07.45** Х/ф «ДАЧА» (16+)
**09.15** Мы - грамотеи!
**09.55** Х/ф «НАЧАЛО» (16+)
**11.20** Д/ф «Начало». Уж я, девочки, оставлю свой след в искусстве!»
**12.05** Д/с «Земля людей»
**12.35** Черные дыры. Белые пятна
**13.15** Д/с «Коллекция»
**13.50** Д/ф «Кайман и проклятое болото»
**14.45** Рассказы из русской истории
**15.55** Д/с «Энциклопедия загадок»
**16.25** Д/ф «Такие люди»
**17.10** Больше чем любовь. К 85-летию со дня рождения Олега Даля
**17.45** Х/ф «МОЙ МЛАДШИЙ БРАТ» (16+)
**19.30** Новости культуры
**19.45** Д/с «Рассекреченная история»
**20.10** Х/ф «ШАРАДА» (16+)
**22.00** Агора
**23.00** Х/ф «ВЗРОСЛЫЕ ДЕТИ» (16+)
**00.20** Д/ф «Кайман и проклятое болото»
**01.15** Х/ф «КТО ПОЕДЕТ В ТРУСКАВЕЦ» (16+)
**02.30** М/ф «Приключения Васи Куролесова»

### МАТЧ!

**06.00** Смешанные единоборства. П. Ян - Д. Фигередо. UFC. Трансляция из Китая (16+)
**07.00, 09.00** Новости
**07.05, 18.40, 00.55** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.05** М/с «Команда МАТЧ» (0+)
**09.25** «Чемпионы на все времена» (12+)
**09.55** Художественная гимнастика. Чемпионат Европы. Прямая трансляция из Болгарии
**13.45** Смешанные единоборства. Сонг Ядонг - Дейвесона Фигередо. Сергей Павлович - Таллисона Тейшейры. UFC. Прямая трансляция из Китая
**17.00** Хоккей. Чемпионат мира. 1/2 финала. Прямая трансляция из Швейцарии
**20.55** Хоккей. Чемпионат мира. 1/2 финала. Прямая трансляция из Швейцарии
**17.05** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.35** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**18.05** - «КъыддекIуэкI хабзэфIхэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**18.30** - «Макъамэм и толъкъунхэр» (урысыбзэкIэ)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Къонгуроучукъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «ЦIыхумрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**22.25** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Чамхана» (урысыбзэкIэ)
**23.30** - **24.00** «Халъкъ жырла» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Мэрем, накъыгъэм и 29**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**00.30** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**4.10** - «ЕджапIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**4.30** - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.30** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**6.00** - **7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)

***«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ): 7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ): 7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ): 7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00***

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Динымрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.50** - «IэщIагъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэ_рыбзэкIэ) (16+)
**8.20** - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**8.35** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**10.05** - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.25** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**10.45** - «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**11.05** - «Уаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.20** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.45** - «Сиза билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**12.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**12.35** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**12.50** - «Тхыдэ уахътыншэхэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.45** - «Динымрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.50** - «IэщIагъэ» (адыгэбзэкIэ)(12+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.30** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**16.05** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**16.45** - «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.05** - «Уаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**17.20** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**17.45** - «Сиза билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**18.35** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**18.50** - «Тхыдэ уахътыншэхэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.30** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ)
**22.35** - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.25** - **24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Щэбэт, накъыгъэм и 30**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**00.30** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**2.30** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**3.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**3.44** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**4.00** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Уаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**5.10** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.30** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00** - **7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.25** - «Алтын сыбызгъы» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**9.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**10.00** - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.20** - «Уэрэдымрэ абы и тхыдэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.50** - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.21** - «Топалайчыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**11.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.00** - «Дэрэжэгъуэ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**12.44** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**14.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**14.50** - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**15.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Алтын сыбызгъы» (балъкъэрыбзэкIэ)
**16.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**16.21** - «Топалайчыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**16.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**17.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**18.00** - «Дэрэжэгъуэ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**18.44** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.20** - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**20.35** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**22.30** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.20** - «Сиза билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**23.30** - **24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Тхьэмахуэ, накъыгъэм и 31**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**3.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.25** - «Алтын сыбызгъы» (балъкъэрыбзэкIэ)
**4.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**4.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**5.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
**5.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**6.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**6.44** - **7.00** «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)

***«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 10.00, 14.00***
***«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 8.00, 15.00***
***«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 12.00, 17.00***

**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**8.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.45** - «Акъылманла сёзлери». (16+)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.35** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**9.45** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**10.10** - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
**10.40** - «Дерс» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.10** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**14.10** - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
**14.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.40** - «Акъылманла сёзлери». (16+)
**16.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.40** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**17.50** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**18.00** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Алтын сыбызгъы» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**21.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.30** - **24.00** «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)

● Накъыгъэм и 25-р Филологым и махуэщ

# ІэщІагъэлІ куэд зэкъуэзыгъэувэ щІэныгъэ

**Бзэр дунейм и къэхъугъэ нэхъыщхьэ дыдэщ. ЩІы хъурейм лъэпкъыу тетым я тхыдэр, зэрахьэ хабзэхэр, адрейхэм къазэрыщхьэщыкІ я лъэпкъ нэщэнэхэр, гупсысэкІэмрэ псэукІэмрэ къозыгъащІэу щыІэр абыхэм я бзэращ. Дэтхэнэ бзэри зей лъэпкъым и гущІэм узэрынэсыфщ, и гупсысэхэм уазэрылъэІэсыф Іэмэпсымэщ, абы къикІуа гъуэгуанэм, игъуэта зыужьыныгъэмрэ зыІэригъэхьа ехъулІэныгъэхэмрэ къызэрыпщІэ Іэмалщ. Бзэмрэ литературэмрэ елэжьхэр, а унэтІыныгъэмкІэ къэхутэныгъэ езыгъэкІуэкІхэр, ахэр щІэблэм езыгъэджхэр, библиотекэ, газет, журнал лэжьакІуэхэр, зэдзэкІакІуэхэр - филологие щІэныгъэ зэзыгъэгъуэта ІэщІагъэлІ псори зэкъуегъэувэ дызэрыт мазэм и кІэуххэм ди къэралым щагъэлъапІэ Филологым и махуэм.**

БЗЭЩІЭНЫГЪЭМ унэтІыныгъэ щхьэхуэу Европэм зыщыщиужьар XVII лІэщІыгъуэращ. Бзэр, псалъэр фІыуэ лъагъун зэрыхуейр къыхагъэщу, жаІэрт а щІэныгъэр адрей псоми къахэлыдыкІыу, апхуэдэуи унэтІыныгъэ псори зэришалІэу, сыту жыпІэмэ дэтхэнэ щІэныгъэми щыгъуазэ узэрыхуэхъуфыр псалъэм, бзэм я Іэмалхэращи. Ди къэралыр къапщтэмэ, «филологие» псалъэр шэщІауэ къагъэсэбэпу щыхуежьар XIX лІэщІыгъуэращ. Санкт-Петербург къэрал университетым 1850 гъэм къыщызэІуахащ тхыдэ-филологие факультет щхьэхуэ. Абы къыкІэлъыкІуэу дунейм къытехьауэ щытащ «Введение в общую филологию» тхылъ цІэрыІуэр, къыдэкІыу хуежьащ «Филологические записки» щІэныгъэ журналыр. Ар япэу дунейм къыщытехьа 1860 гъэм къыщыщІэдзауэ бзэм къыхыхьащ икІи зыщигъэбыдащ «филологие» псалъэм.

Ди къэралым хыхьэ щІыналъэхэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр халъытэ бзэщІэныгъэм зыужьыныгъэ ин щызыгъуэтхэм. Дауи, абыкІэ фІыщІэшхуэ бгъэдэлъщ Бэрбэч ХьэтІутІэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и кафедрэм. ЕджапІэ нэхъыщхьэм и къудамэхэм я нэхъыжьхэм халъытэ филологие ІэнатІэм лэжьэн зэрыщІидзэрэ илъэс 95-м нэсащ. Тхыдэ дэфтэрхэм къызэрыхэщыжымкІэ, 1932 гъэм Псыхуабэ (Пятигорск) къалэм къыщызэІуахауэ щыта Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутыр зэрызэхэт факультетищым языхэзыр филологие къудамэт. Еджагъэшхуэ Борыкъуей ТІутІэ я пашэу а зэманым абы щылэжьащ бзэщІэныгъэмкІэ ІэщІагъэлІ цІэрыІуэхэу Елбэд Хьэсэн, ДыщэкІ Мухьэмэд, Цагъуэ Мухьэмэд сымэ. Студентхэр зэрырагъаджэм къыдэкІуэу, абыхэм щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэшхуи ирагъэкІуэкІащ адыгэ тхыбзэм и хабзэхэр гъэбелджылыным, литературэбзэм и мардэхэр убзыхуным, сабийхэр зэрырагъэджэну тхылъхэр гъэхьэзырыным, адыгэ ІуэрыІуатэр зэхуэхьэсыжыным, джыжыным ехьэлІауэ.

ЛІэщІыгъуэ блэкІам и 40 - 50 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал пединститутым иджыри зэтеубла щыхъуатэкъым адыгэбзэмрэ литературэмкІэ ІэщІагъэлІхэр гъэхьэзырыным и Іуэхур. Ар къалъытэу къызэІуахауэ щыта, адыгэбзэмрэ литературэмрэ, урысыбзэмрэ литературэмрэ и къудамэм Хэку зауэшхуэм къыкІэлъыкІуа илъэс 20-м щІигъум и унафэщІу лэжьащ адыгэхэм ящыщу япэу филологие щІэныгъэхэмкІэ кандидат хъуа АбытІэ Мухьэб. Абы и нэІэм щІэту кафедрэм и лэжьакІуэхэм а зэманым къыдагъэкІащ адыгэбзэр курыт школхэм, еджапІэ нэхъыщхьэхэм зэрыщрагъэдж тхылъхэр, программэхэр. 1957 гъэм Москва япэу дунейм къыщытехьащ «Къэбэрдей-шэрджэс литературэбзэм и грамматикэр». Ари 1999 гъэм къыдэкІауэ щыта «Къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и псалъэгъэнахуэри» лъэпкъ филологием и зыужьыныгъэм и дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІа хэлъхьэныгъэ инт.

Адыгэбзэр джыным, зэлъэпкъэгъу бзэхэм яку дэлъ зэпыщІэныгъэхэр, хабзэхэр, зыужьыкІэр къэхутэжыным хуэгъэпса лэжьыгъэ щхьэпэхэр зэфІагъэкІащ Къардэн Бубэ, ЩоджэнцІыкІу Іэдэм сыми. 1945 - 1952 гъэхэм Къардэныр егъэджакІуэ нэхъыжьу, доценту, пединститутым и директору лэжьащ. Лъэпкъ бзэщІэныгъэм хэлъхьэныгъэфІ хуэхъуа лэжьыгъэ куэд, псалъалъэ зэмылІэужьыгъуэхэри тхылъеджэхэм гукъинэж ящыхъуа художественнэ тхыгъэхэри яхэту, итхащ Къардэным. ЩоджэнцІыкІу Іэдэмщ лирикэ прозэм и лъабжьэр ди литературэм щызыгъэтІылъар. Апхуэдэу ЩоджэнцІыкІум адыгэбзэм къригъэтІэсащ урыс, дунейпсо литературэхэм я классикхэу Шекспир Уильям, Пушкин Александр, Есенин Сергей, нэгъуэщІхэми я художественнэ тхыгъэ нэхъыфІхэм ящыщ куэд.

ЖыпІэнурамэ, а лъэхъэнэм кафедрэр хъуащ лъэпкъыбзэр, ІуэрыІуатэр, литературэр джыным и центр нэхъыщхьэ. Абы аспирантури къыщызэІуахат. А илъэсхэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ ирагъэджу кафедрэм щылэжьащ щІэныгъэлІ цІэрыІуэхэу Урыс Хьэталий, Нало Ахьмэдхъан, ХьэкІуащэ Андрей, нэхъ иужьыІуэкІэ абыхэм гъусэ къахуэхъужащ КІуащ Тамарэ, Тау Хьэзешэ, Тхьэбысым Сэмихь сымэ. Илъэс куэдкІэ адыгэбзэмкІэ кабинетым и унафэщІу лэжьащ Хьэгъэбанэ ХьэІишэт. ЩІэблэр егъэджэным, гъэсэным я зэфІэкІ ирахьэлІащ Гъут Іэдэм, БакІуу Хъанджэрий, БищІо Борис, Абдокъуэ Іэуес, Иуаныкъуэ Нурбий, Къэмбэчокъуэ Іэдэм, Къэмбэчокъуэ Риммэ, Шэру Хьэсен, нэгъуэщІхэми. Кафедрэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэфІ хуищІащ абы и унафэщІу илъэс куэдкІэ лэжьа, филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор ТІымыжь Хьэмыщэ. Лъэпкъ бзэщІэныгъэм, литературэ щІэныгъэм я ІэнатІэхэм къэхутэныгъэхэр щезыгъэкІуэкІ куэдым нобэ гъуазэ яхуохъу а нэхъыжьыфІхэм я къалэмыпэм къыпыкІа лэжьыгъэ купщІафІэхэр.

Зызыужь, ефІакІуэ, къэхутэныгъэ къызэрымыкІуэхэр щекІуэкІ филологие щІэныгъэм, нэхъапэми хуэдэу, иджыри къызэщІеубыдэ лъэпкъым и щэнхабзэмрэ литературэмрэ, тхыдэмрэ бзэмрэ ехьэлІа лэжьыгъэ унэтІыныгъэ псори. Адыгэбзэ кафедрэр, дапщэщи хуэдэу, мы зэманми хущІокъу лъэпкъым хуэщхьэпэн Іуэхугъуэ куэд зэфІэхыным, щІэныгъэ-къэхутэныгъэм, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ ехьэлІа ехъулІэныгъэфІхэр зыІэрыгъэхьэным. Кафедрэм щекІуэкІ Іуэхугъуэ псори нобэ еунэтІ щІэныгъэлІ щыпкъэ, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакІуэ ІэкІуэлъакІуэ, филологие щІэныгъэмкІэ кандидат Къардэн Мусэдин. Абы и унафэм щІэту кафедрэм щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэ купщІафІэхэр щрагъэкІуэкІ, абыхэм къарикІуахэр къэралым къыщыдэкІ щІэныгъэ журнал пажэхэм къытрырагъадзэ, дунейпсо утыкум ирахьэ. Кафедрэм и егъэджакІуэхэр ядолажьэ Адыгей, Къэрэшей-Шэрджэс, Осетие Ищхъэрэ-Алание республикэхэм, Ставрополь, Краснодар крайхэм, адыгэхэр щыпсэу хамэ къэралхэм гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ щыІэ институтхэм, щэнхабзэмкІэ центрхэм.

Сыт хуэдэ лъэхъэни филологхэм я къалэн нэхъыщхьэхэр ехьэлІащ дунейпсо тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ ятеухуауэ бзэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ ятхауэ щыІэ псори джыным, а лъэпкъ фІыгъуэхэр къэкІуэну щІэблэхэм яхуэхъумэным. Апхуэдэщ ди республикэм и ІэнатІэ зэмылІэужьыгъуэхэм зи зэфІэкІхэр къыщызыгъэлъагъуэ филологхэри. Апхуэдэ щІэныгъэщ ябгъэдэлъыр егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, литературэм, хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм пэрыт, абыхэм щекІуэкІ лэжьыгъэхэр зыунэтІ ІэщІагъэлІхэм ящыщ куэдым. Филологхэр, къинэмыщІауэ, жыджэру хэтщ экономикэми политикэми.

Филологым и махуэмкІэ дохъуэхъу зи ІэщІагъэкІэ, Іуэху зехьэкІэкІэ, гупсысэкІэ, гурыщІэкІэ бзэ щІэныгъэм епхауэ гъащІэр езыхьэкІ дэтхэнэми. Бзэр фІыуэ флъагъуу, псалъэм пкърылъ къарумрэ иІэ мыхьэнэмрэ зыхэфщІэрэ абы гурыфІыгъуэ къыфхуихьу фыпсэуну, зывузэщІыну ди гуапэщ.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

● ДифІ догъэлъапІэ

# Щапхъэ дахэ



**Адыгэ лъэпкъыр сытым дежи цІэрыІуэу щытащ цІыху зэчиифІэхэмкІэ. Тхыдэм нобэм къихьэсащ зи цІэр фІыкІэ дуней псом щызыгъэІуа дзэзешэхэм, щІэныгъэлІхэм, узэщІакІуэхэм, дохутыр Іэзэхэм, зыхэпсэукІа лъэхъэнэм зи ІэщІагъэрэ акъылкІэ къыхэжаныкІа адыгэлІ щыпкъэхэмрэ бзылъхугъэ зэпІэзэрытхэмрэ. Ди зэманми щапхъэ дахэ зыгъэлъагъуэхэм ящыщщ мы тхыгъэмкІэ фэдгъэцІыхуну Нэгъуей Залинэ.**

ДЫГУЛЫБГЪУЕЙ къуажэм и курыт еджапІэ №10-м иужькІэ, Залинэ къиухащ Ставрополь дэт Кавказ Ищхъэрэ институтым Къэрал икІи щІыпІэ къулыкъур зехьэнымкІэ, финансхэмрэ кредитымкІэ и къудамэр, абы щІыналъэ экономикэмкІэ и магистратурэр, экономикэмрэ цІыхубэ хозяйствэмкІэ и аспирантурэр.

2014 - 2019 гъэхэм Нэгъуейр егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ хуэлэжьащ. 2019 гъэм щыщІэдзауэ мылъкур зехьэным, УФ-м и цІыхухэр псэуалъэкІэ къызэгъэпэщыным ехьэлІа Іуэхухэр щызэфІах ІуэхущІапІэм щылэжьащ, 2021 гъэм щыщІэдзауэ нобэр къыздэсым Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатым и дэІэпыкъуэгъущ.

Нэгъуей Залинэ и Іэдакъэ къыщІэкІащ щІэныгъэ лэжьыгъэу 30-м щІигъу. Ар хэтащ икІи япэ увыпІэхэр къыщихьащ щІыналъэ, урысейпсо, дунейпсо зэпеуэхэм. Абы и цІэр тІэунейрэ ихуащ (2016, 2018 гъэхэм) студент нэхъыфІ дыдэхэм я ІуэхущІафэхэм ятеухуа тхылъу Пятигорск къыщыдэкІахэм икІи Залинэ иригъэкІуэкІа щІэныгъэ лэжьыгъэр нэхъыфІу къалъытащ. Пщащэр КъБР-м и Іэтащхьэм и стипендиер къихьу еджащ, Кавказ Ищхъэрэ къэрал университетым и дипломы къыхуагъэфэщащ, щылажьэ унэтІыныгъэмкІи зригъэгъуэт ехъулІэныгъэхэм папщІэ фІыщІэ тхылъхэр къыхуагъэфащэу къогъуэгурыкІуэ.

А псом и мызакъуэу, Нэгъуейм и цІэр фІыкІэ къраІуэ иригъэкІуэкІ жылагъуэ лэжьыгъэхэм папщІэ. Псалъэм къыдэкІуэу, щІалэгъуалэ зэчиифІэхэм я щІэныгъэм хагъэхъуэн папщІэ, Залинэ еджапІэхэмрэ ІуэхущІапІэхэмрэ зэгурыІуэныгъэ ярищІылІэурэ ядэІэпыкъуащ, дзэ Іуэху хэхам хэтхэм, абыхэм я унагъуэхэм защІегъакъуэ, къэзыгъэзэжахэм лэжьапІэ къахуэгъуэтынымкІэ, мамыр гъащІэм хэзэгъэжынымкІэ яхуощхьэпэ.

Кавказ Ищхъэрэ къэрал университетым пщащэм мызэмытІэу къыщызэригъэпэщащ экономикэм хуэгъэпса зэІущІэхэр. А еджапІэ дыдэм щІэсхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ адыгэ щэнхабзэмрэ хабзэмрэ егъэцІыхунымкІэ, КъБР-м туризмэм зыщегъэужьынымкІэ зэІущІэхэр, этнографиемкІэ къэхутэныгъэхэр иригъэкІуэкІащ, а лэжьыгъэхэр утыку кърихьэу щІыналъэ зэпеуэхэми езыр хэтащ.

НыбжькІэ щІалэ дыдэми, Нэгъуей Залинэ хузэфІэкІыр умыгъэщІэгъуэн, ар щІалэгъуалэм ядэІэпыкъуу, къалащхьэм лэжьапІэ къащыхуигъуэтурэ и хэкуэгъухэр зэригъэкІуатэм ущымыгуфІыкІын плъэкІыркъым.

Ди гуапэщ сыт хуэдэ лэжьыгъэ еувалІэми, ар къехъулІэу, хэхъуэрэ иригъэфІакІуэу, лъэпкъыцІэр игъэбжьыфІэу узыншэу псэуну.

**ФЫРЭ Анфисэ.**

## ЦІыхухэм яІущІэнущ

**Урысей Федерацэм и прокуратурэм и комиссэм и унафэщІыр Уголовнэ тезырхэр зэрагъэзащІэм теухуа упщІэхэр зиІэхэм яхуэзэнущ.**

УРЫСЕЙ Федерацэм и Прокуратурэ нэхъыщхьэм уголовнэ тезырхэр хабзэкІэ зэрагъэзащІэм кІэлъыплъынымкІэ и управленэм и къудамэм юстицэмкІэ и чэнджэщэгъу нэхъыжь Суханов Дмитрий Александр и къуэр яхуэзэнущ шэч зыхуащІхэмрэ ягъэкъуаншэхэмрэ я нэІэм зэрыщІэтым, уголовнэ тезырхэр зэрагъэзащІэм, апхуэдэуи къэлъыхъуэныгъэмрэ хуит къащІыжахэм ятеухуа административнэ кІэлъыплъыныгъэм зэрытетымрэ хуэгъэпса упщІэхэр зиІэхэм.

2026 гъэм накъыгъэм и 26-рщ сыхьэт 14-м щыщІэдзауэ 16-м нэс цІыхухэм щаІущІэнур. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм и хэщІапІэм: Налшык къалэ, Кулиевым и проспект, унэ 16.

Зебгъэтхын папщІэ, апхуэдэуи нэгъуэщІ упщІэхэм ехьэлІауэ зыхуэбгъазэ хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм мы телефонымкІэ: 8 (866 2) 40-03-70.

● УФСБ-м къет

## Сом мелуани 7-м нэблагъэ

**Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыІэм, КъБР-м щыІэ МВД-м я лэжьакІуэхэм экономикэ щІэпхъаджагъэхэм пэщІэт Іуэхухэр ирагъэкІуэкІыу къызэпаудащ ІуэхущІапІэм и унафэщІым илэжь хабзэншагъэр.**

КЪЭДГЪЭЛЪЭГЪУА хьэрычэтыщІэм Нарткъалэ и щІыпІэ администрацэм щІыпІэхэр зэщІэкъуэнымрэ щхъуантІагъэхэр хэсэнымкІэ ирищІылІа зэгурыІуэныгъэр гъэзэщІэным кърибыдэу сом мелуани 6,9-м щІигъу идыгъуащ.

Уголовнэ Іуэху къаІэтащ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 4-нэ Іыхьэм къыщыхьа щІэпхъаджагъэм ипкъ иткІэ илэжьауэ. Хабзэм къызэригъэувымкІэ, апхуэдэ зылэжьар илъэси 10-м нэскІэ ягъэтІыс.

## Ахъшэр яхуиутІыпща хуэдэу

**КъыкІэлъыкІуэу апхуэдэ Іуэхухэр ирагъэкІуэкІыу къыщІагъэщащ коммерческэ ІэнатІэм и унафэщІыр хабзэм зэребэкъуар.**

АБЫ финанс ІуэхущІапІэм дэфтэр нэпцІ иритащ ахъшэ иутІыпща хуэдэу иту. Апхуэдэ хабзэншагъэм къриκІуащ сом мелуани 10,4-рэ хэщІыныгъэ.

Уголовнэ Іуэху къаІэтащ УФ-м и УК-м и 187-нэ статьям и 1-нэ Іыхьэм ипкъ иткІэ. Хабзэм къызэригъэувымкІэ, къэдгъэлъэгъуа щІэпхъаджагъэм хуэдэр зылэжьар илъэси 6-м нэскІэ ягъэтІыс.




## ● ГушыIэхэр

### Сымэжалlэу щытами...

Дыгъужьымрэ тхьэкlумэкlыхьымрэ шхапIэм щIохьэ.
- Сыт фшхын? - къабгъэдохьэ пщафIэр.
- Пхъы,- жи тхьэкlумэкlыхьым.
- Уэ-щэ?- йоупщI пщафIэр дыгъужьым.
- Сэ сымэжалIэу щытамэ, мы тхьэкIумэкIыхьыр мыбдеж щысын уи гугъэрэт?!

### Мамэ жиIащ

Хъыджэбз цIыкIум бидон иIыгъыу тыкуэным макIуэ.
- Сыт ухуей уэ цIыкIур?- жи тыкуэнтетым.
- Мамэ шатэ жиIащ...
- Дапщэ?
- Мамэ бидоным из жиIащ...
Тыкуэнтетым бидоныр къыIихри, шатэ изу ирикIауэ:
- И уасэр къызэт, - жи.
- Мамэ ахъшэр бидоным илъу жиIащ.

## ● Чэнджэщхэр

# Ху хьэжыгъэр щагъэлъкъым

Бжэныл ягъэгъуркъым, ягъэгъупцlу аращ.

Нэхъапэм Iэщышхуэм и кlапэм сэмпIалъэ къыхащIыкIыу щытащ.

КIэртIоф гъэжьа зэрылъ тебэм и щхьэр тепIауэ куэдрэ щыбгъэтмэ, йоущIыныхь.

Мэл е бжэн къызэраубыдыр мэлыхъуэбашщ. Iэкlэ къэбубыдмэ, узэIуса лыр фIыцIафэ хъууэ къалъытэ.

ФIагъэжу зи фэр траха Iэщышхуэм е Iэщ цIыкIум лыджанэкIэ йоджэ.

ПIащIэ хъуа шыпсым бажэ шыпскIэ йоджэ.

Джэшыр хуабапIэм щахъумэркъым, хьэпIацIэ хещIэри.

Къуэнтхъурей цIынэ куэд пшхыреймэ, жьэжьейр егъэкъабзэ.

Дэшхуэр яшхыну сэбэпышхуэщ лъы зи мащIэхэм, щыгъупщэхэм.

ГъэIылъыгъэ ящIа къхуейр яшхыну къыхаха нэужь псы щIыIэ дагъэжэх. Пхуэмышхыу къэнар хэплъхьэж хъунукъым, къхуейр щащэ ещI, зэIегъэхьэ.

КЪУБАТИЙ Борис.

## ТебэкIэ гъэжьа лы Iыхьэхэр, джэдыкIэвынш телъу

Былымыл лыпцIэр грамми 100 хъу Iыхьэурэ, и Iувагъыр см 2-м нэблагъэу яупщIатэ. Шыгъу, шыбжий траудэ, тхъу къэплъа зэрыт тебэм иралъхьэри, лъэныкъуитIри тхъуэплъ дахэ, хьэзыр хъуху ягъажьэ. Iэнэм щытрагъэувэнум и деж лы жьар тепщэчым иралъхьэри, абы и щIыIум джэдыкIэвынш тралъхьэ, бжьыныху шыпс тракIэж. Яшх пщтыру, пIастэ, мырамысэ, щIакхъуэ и гъусэу.

*Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ):* былымылу грамм 200, джэдыкIэу 1, тхъууэ грамм 30, шатэу - г 30, бжьыныху укъэбзауэ грамм 15, шыгъуу, шыбжийуэ узыхуейм хуэдиз.



### Къэб зыдэлъ хьэлывэ

ПщагъэкIэ япща тхьэвыр гуэдз хьэжыгъэ зытегъэщэща Iэнэм тралъхьэри, я хьэлъагъыр г 60-70 хъу Iыхьэурэ зэпаупщI, я Iувагъыр мм 2-3 хъууэ яху, къэб хьэжар тралъхьэри, тхьэв кIапэхэр зэрагъэубыд. Хьэлывэр тхъу зыщыхуа тебэм иралъхьэ, хьэкулъэм ирагъэувэри, хьэзыр хъуху, дакъикъэ 20-25-кIэ, ягъажьэ.

***Хьэлывэм дэлъынур:*** зи фэр нэхъ Iув къэб къащтэ, ятхьэщIри ялъэщIыж, IупщIэурэ зэгуауд, и кум жылэри лъэхъыщхэри кърах, и фэр трагъэж, къэнар лыхьэжым щIагъэкI. Абы фошыгъу халъхьэ, зэIащIэри, и щхьэр тепIауэ дакъикъи 10 - 12-кIэ щIыIапIэм щагъэт. Псы лей къыщIэжамэ, щIакIэж.

*Халъхьэхэр:*
Тхьэвым: гуэдз хьэжыгъэу грамм 500, шэуэ грамм 250-рэ, пщагъэу грамм 40, шыгъуу грамми 5, фошыгъуу грамм 30.
***Хьэлывэм дэлъынур:*** къэбу грамм 700.

*«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.*

## ● Шхыныгъуэхэр



## ● ЦIыху Iущхэм я гупсысэхэр

# ЦIыхубз мыдахэ щыIэкъым

**Бзылъхугъэм и щхьэц зэщIэкъуэкIэр ихъуэжамэ, куэд мыщIэу и гъащIэми зэхъуэкIыныгъэ хилъхьэну аращ.**

* * *

**ЦIыхубз мыдахэ теткъым дунейм, щхьэхынэ мыхъумэ.**

* * *

**ЗэкIужу, щIыкIафIэу дунейм утетын щхьэкIэ Iэмал имыIэу ущIалэу, удахэу ущытын хуейкъым.**



* * *

**Жьыгъэм лъагъуныгъэм дыщихъумэркъым, ауэ лъагъуныгъэм жьыгъэм дыщехъумэ.**

* * *

**Гуапэу къоплъращ зи нэр дахэр.**

ШАНЕЛЬ
Габриель Бонёр.

## ● Псалъэжьхэр

# Дзэм хамэ хэткъым

- **Къыптекlуэ лъэщщ.**
- **МафIэм сахуэ ещIри, дзэм шхахуэ ищIыркъым.**
- **Шу гъуэгурыкIуэм бзыпхъэ трех.**
- **Хамэхьэр къохьэри, унэхьэр ирехху.**
- **ЗыщI нэхърэ еплъ нэхъ Iэзэщ.**
- **Джэду здэщымыIэм дзыгъуэ щоятэ.**
- **Мыдэф и Iуданэ кIыхьщ.**
- **Зи игъуэр дахэщ.**
- **Ныбгъуэр бгъасэми, хьэсэр и плъапIэщ.**
- **Хейм и лъыр хамэм ещIэж.**
- **Хуарэр дэхуэхмэ, гум йокъу.**
- **ЦIыхум я фэр зэрызэхуэмыдэм хуэдэу, ягури зэхуэдэкъым.**
- **Чэзу зимыIэ щыIэкъым.**
- **УэфIрэ уэлбанэрэ я хьэкъ зэтенэркъым.**
- **Удэмэ - Iуданэ, убзэмэ - бзыхьэхуэ.**
- **ЗыхуащIэ нэхърэ - зыщIэф.**
- **Къыптекlуэ лъэщщ.**
- **Хамэ ущие тхьэмахуэщ, хабзэ хьэху махуищщ.**
- **Пщы зыфIэпщым пщылI къыпфIещ.**
- **Дзэм хамэ хэткъым.**
- **Дзыгъуэ пэтрэ и гъуэ щылIыхьужьщ.**
- **Ем щыгъуэ бжьэдыгъур зэщщ.**
- **Акъыл зиIэм жагъуэгъу и куэдщ.**
- **Узэрымылъагъуу IэфI щыIэкъым.**
- **Iэхъуэ и баш и чэнджэщэгъущ.**
- **Яхэмыхьэ хабзэншэщ.**
- **Щыгъын хьэху нэхърэ - щыгъын фаджэ.**
- **Шыр птымэ, шхуэри дэщIыгъу.**
- **ЦIыхур нэмысыфIэмэ, фIэлъыкI иIэщ.**
- **Хамэлэ Iэгъэпсэху щхьэкIэ, гугъэпсэхукъым.**
- **ХьэщIэр бысымым и гъэрщ.**
- **Хьэмтетыгъуэ гъаблэ щыIэкъым.**

# Псалъэзэблэдз

*ЕкIуэкIыу:* **1**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэ нэхъыщхьэм и унафэщI Дзасэжь Хьэзрэталий и къуажэ. **6**. Iэщэ: джатэ, къамэ, ... **9**. Къалэ-лIыхъужь. **10**. Зэгуамыгъэжу траха бжэныфэ. **12**. Къэушырыба, къэпща. **16**. Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ректору щыта.

*Къехыу:* **1**. Зи теплъэкIэ дыжьыныфэ гъущIхэкI щабэ. **2**. Нэчыхьытхыр зэбгрыкIыжын ипэ ар Iэнэм къытрагъэувэ хабзэщ. **3**. Набдзэ ... **4**. Тэрч щIыналъэм щыпсэуа мэкъумэшыщIэ, Лэжыгъэм и Лlыхъужь. **5**. КIыщым щIэт Iэмэпсымэ. **7**. КIыщокъуэ Алим и роман Нал ...». **8**. Гъэмахуэм Iэщым, шым я фэр изых бадзэжь. **11**. ... хиса жыгыр мэгъу. **12**. Псалъэ дахэм ... гъуэмбым къреш. **13**. ... куэдрэ уэмэ, и дамэр мэкъутэ. **14**. Лэжьапщlэ, улахуэ, е мазэ ... **15**. Псэущхьэ дахэ цIыкIу, дзыгъуэм и бий кIэуфIыцI.



*Накъыгъэм и 16-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:*

*ЕкIуэкIыу:* **1**. Ящэри. **4**. ПщIащэ. **6**. Мэлым. **9**. МафIэ. **10**. Ажэм. **11**. Унэ. **12**. Баш. **16**. Исыр. **17**. ЩIэкIэ. **18**. ИмыIэ. **21**. Зэкъуэш. **22**. Мащэм.
*Къехыу:* **2**. Щесам. **3**. ИщIэ. **4**. Пщы. **5**. ЩыIэр. **6**. Мэунэри. **7**. Лым. **8**. МахуапщIэ. **13**. Псалъэ. **14**. Псы. **15**. ПкIауэ. **19**. Мэш. **20**. Iэм.

*Зэхэзылъхьар*
**САУТ СулътIанщ**.

# Тхыдэм и дерс дыджхэр



**Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ къэрал библиотекэм и лъахэхутэ къудамэм щекIуэкIащ «Си щIыналъэм и блэкIар: Кавказ зауэм и тхыдэм щыщ» зэIущIэр, адыгэхэм я Щыгъуэ махуэм траухуар. Нэхъ пыухыкIауэ жыпIэмэ, зытепсэлъыхьар лъэпкъыр зыпхыкIа гузэвэгъуэр Кавказым щыщ тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэм къызэрыхэщырщ.**

ЗЭIУЩIЭР къызэрагъэпэщащ икIи ирагъэкIуэкIащ библиотекэм и къудамэм и лэжьакIуэхэу Безыр Ленэ, Борс-Жырыкъ Джульетэ, Мечиевэ Хьэлимэт.

Зэхыхьэм ирихьэлIэу лъахэхутэ къудамэм щагъэуващ Кавказ зауэм теухуа тхылъхэр зытелъ дапхъэ. Абы хагъэхьащ Вэрокъуэ Владимир и «Лей зыхуэгъэгъум къахурегъэгъу», КIэрашэ Тембот и «Шу закъуэ», МафIэдз Сэрэбий и «Мыщэ лъэбжьанэ», «Гъыбзэ хуэфащэт», ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ и «ЛъыщIэж», Шортэн Аскэрбий и «Бгырысхэр» романхэр, Акъсырэ Залымхъан и «Дахэнагъуэ» пьесэр, КхъуэIуфэ Хьэчим и «ИгъащIэкIи гъэрибхэр», ХьэфIыцIэ Мухьэмэд и «ХамэщIым вагъуэхэр щоужьых», «Адыгэ мамлюкхэр», «Разбросаны адыги по всему миру», Ширдий Маринэ и «Тыркум щыпсэу адыгэхэр» художественно-публицистикэ тхылъхэр, нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэм хэтахэр Хэкум папщIэ зи псэр зыта, Кавказ зауэм хэкIуэда цIыху мелуанхэм зы дакъикъэкIэ яхуэщыгъуащ.

Лъахэхутэ къудамэм и унафэщI, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Герговэ Лейлэ и псалъэм къыхигъэщащ, тхыдэм уриплъэжмэ, лъэпкъхэм ди щхьэ кърикIуа гузэвэгъуэхэм, хэщIыныгъэхэм емылъытауэ, зытхъумэжын, адэжь лъахэр хэдмыгъэкIуэдэжу зедгъэужьын, абы дыщыпсэун, щIэблэр Хэку лъагъуныгъэм щIэтпIыкIын зэрытхузэфIэкIыр насыпышхуэу зэрыщытыр.

Накъыгъэм и 21-р адыгэ псоми я Щыгъуэ махуэщ. А махуэм ягу къагъэкIыж цIыхур къызэригъэщIрэ тхыдэм и напэкIуэцI нэхъ шынагъуэхэм ящыщу къалъыта, илъэси 101-кIэ екIуэкIа Кавказ зауэм (1763 - 1864) хэкIуэдахэр. Абы адыгэхэм хэщIыныгъэ къаритам къинэмыщIауэ, Хэкум къинахэмрэ Тыркум ягъэIэпхъуахэмрэ зэкIэлъыкIуэну, зэрыщIэну Iэмал ямыгъуэту щIэблэ зыбжанэ зэблэкIащ. Дуней псом щикъухьа хъуа лъэпкъым и къэкIуэнур зыхуэдэр IупщIтэкъым. Ауэ, ди къэралым зэхъуэкIыныгъэхэр къыщежьэри, адыгэхэр зыщIэхъуэпсыр къэщIэрэщIэжащ. Зи Хэкур фIыуэ зылъагъу лъэпкъым и жыгыр зэрымыгъужар, гъащIи зэриIэр иджы ди нэгу щIокI. АбыкIэ фIыщIэ зыбгъэдэлъыр, тхыдэм и къэхъугъэ шынагъуэм емылъытауэ, зэгуэр ятауэ щыта «ИгъащIэкIи Урысейм дыщIыгъущ» тхьэрыIуэм емыпцIыжу лъэпкъым и нэхъыжьыфIхэм Хэкур зэрахъумэжарщ. Тхыдэм и дерсым утетмэ, нобэ Урысейм, Кавказ Ищхъэрэм щыпсэухэм зы унагъуэшхуэм хуэдэу яку мамырыгъэрэ зэгурыIуэрэ дэлъмэщ, ди нобэри пщэдейри щытхуэхъумэнур.

Кавказ зауэм кърикIуащ адыгэхэр нобэ дунейм и къэрал 40-м щIигъум зэрыщыпсэур. Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм тхыдэр, блэкIам и дерсхэр зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым. Лъахэхутэ къудамэм и фондым щахъумэ XVIII-XIX лIэщIыгъуэхэм къэхъуа гузэвэгъуэхэм ятеухуа тхылъ щхьэпэхэр. Абыхэм ящыщщ Шинкубэ Бэгърат и «Последний из ушедших», Къандур Мухьэдин и «Черкесы. Балканская история», «Кавказ» трилогиер, МэшбащIэ Исхьэкъ и «Жернова», «Лазутчик», «Белая птица», Къуиикъуэ Налбий и «Чёрная гора», Лохвицкий Михаил и «Громовый гул», «Поиски богов», Адзын Мухьэмэд и «На берегах моей печали», «Непокоренные» къыдэкIыгъуэхэр, нэгъуэщIхэри. КъинэмыщIауэ, Кавказ Ищхъэрэм и тхакIуэхэм, урыс классикхэм мы зауэм теухуа тхыгъэ куэд я IэдакъэщIэкIащ. Пушкин Александр, Лермонтов Михаил, Толстой Лев сымэ Кавказым усэ, поэмэ, Iуэтэж куэд траухуащ. Апхуэдэщ Пушкиным и IэдакъэщIэкIахэм ящыщу куэдым фIыуэ ялъэгъуа «Кавказский пленник» поэмэр. А фIэщыгъэ дыдэр зиIэ Iуэтэж итхащ Толстойми. Абы къыкIэлъыкIуащ «Казаки», «Хаджи-Мурат», «Набег» тхыгъэхэр. Зэхыхьэр езыгъэкIуэкIахэр зэхуэсахэм зи цIэ къитIуа тхыгъэхэм кIэщIу яхутепсэлъыхьащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрырым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и къэрал институтым и лэжьакIуэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ и кандидат Бейтыгъуэн Алёнэ тепсэлъыхьащ МафIэдз Сэрэбий и «Мыщэ лъэбжьанэ» романыр зытеухуамрэ абы къыхэщ лIыхъужьхэм я хьэл-щэнхэмрэ. Абы къыдэкIуэу, Алёнэ игъэлъэгъуащ тхыгъэм ныбжьыщIэхэм хуащIа сурэтхэр.

ЗэIущIэм хэтащ КъБКъУ-м и педколледжым и егъэджакIуэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат Пэщол Сакимэрэ и студентхэмрэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и къэрал институтым и щIэныгъэ архивым и унафэщI Шопарэ Айшэт, а институт дыдэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ АфIэунэ Анджелэ, нэгъуэщIхэри.

*Тхыгъэри сурэтхэри*
**ТЕКIУЖЬ Заретэ** *ейщ.*





# Кинематографист ныбжьыщIэхэм я зэфIэкI



**Кавказ Ищхъэрэм и «Кинокавказ-2026» V щIалэгъуалэ кинофестивалым къыхэжаныкIа, абы щытекIуа кинематографистхэр иджыблагъэ Балъкъэр Ипщэ къуажэм щагъэлъэпIащ.**

ЩIАЛЭГЪУАЛЭ зэхыхьэшхуэр Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэм и къэрал институтым махуищым къриубыдэу щекIуэкIащ, УФ-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэр и дэIэпыкъуэгъуу.

Институтым и ректорым и къалэнхэр зыгъэзащIэ, профессор, кинофестивалым и къызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщI Рахаев Анатолэ жиIащ къэпщытакIуэ гупым хэтхэмрэ зэхыхьэм ирагъэблэгъа хьэщIэхэмрэ лэжьыгъэшхуэ зэрырагъэкIуэкIар.

- Дрогушхуэ ди фестивалым зэфIэкI зиIэ кинематографист щIалэгъуалэр зэрыщызэхуэсам, я дуней лъагъукIэр утыку къызэрырахьам, мы гъуазджэ лIэужьыгъуэмкIэ IэщIагъэлI цIэрыIуэхэм я жыIэм щIэдэIуну Iэмал зэраIам. Нэхъыщхьэращи, абыхэм я нэгу щIэкIащ дяпэкIэ IуэхущIэхэм тезыгъэгушхуэн, - жиIащ Рахаевым.

КъБР-м Бжыгъэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэм саугъэт щхьэхуэ хуигъэфэщащ дэфтэрхэр зи лъабжьэ «Отважные сердца: истории настоящих героев» фильмыр зыгъэхьэзыра ПщыукI Жамбот (Къэбэрдей-Балъкъэр). Дамыгъэ лъапIэр абы иритыжащ министрым и къуэдзэ Гилиев Мурат.

Кинофестивалыр къызэзыгъэпэщахэм ядэлажьэ «Это Кавказ» порталым (ТАСС агентствэм ейм) и саугъэт щхьэхуэр иратащ «Сокровище - Кубачи» фильмыр зи Iэдакъэ къыщIэкIа Чернобельский Семён (Санкт-Петербург).

«Лучший короткометражный игровой фильм» унэтIыныгъэм щытекIуащ Газарян Лилэ (Ереван, Армение) и «Швейцар» фильмыр. «За сохранение национальной идентичности» унэтIыныгъэмкIэ щIыхь тхылъыр иратащ «Золотое шитьё» фильмыр зей Михцевэ Миланэ (Налшык). «Лучший короткометражный телевизионный фильм» жыхуиIэмкIэ нэхъыфIу къалъытар Доннер Дарье (Москва) и «Хранители Шикотана» лэжьыгъэрщ. А лIэужьыгъуэ дыдэмкIэ лауреат хъуащ ди республикэм щыщ ПщыукI Жамбот и «Участие КБР в СВО» фильмыр. «Лучший короткометражный анимационный фильм» унэтIыныгъэм нэхъыфIу къыщалъытащ Ханжин Иван (Екатеринбург) и «В животе змеи» лэжьыгъэр. АнимацэмкIэ лауреат хъуахэщ Вильям Эдье (Бразилие) и «Планета Фоме» (PLANETA FOME), Сладков Даниил (Тулэ) и «Буллинг» фильмхэр. «Лучший документальный фильм» жыхуиIэмкIэ Али Хъуссейн (Краснодар) и «Жизнь человека» лэжьыгъэр япэ ирагъэщащ. КъинэмыщIауэ, лауреат щIыхьыцIэр хуагъэфэщащ Москва щыщхэу Свиридовэ Анастасие, Мусинэ Елизаветэ, Коженков Виктор сымэ. «Лучший социальный видеоролик» унэтIыныгъэм пашэ щыхъуащ Ребрик Кристинэ (Москва) и Iэдакъэ къыщIэкIа «Когда погас свет» фильмыр.

- Лэжьыгъэ щхьэпэхэм къадэкIуэу, кинофестивалым хэтхэм я зэфIэкIхэр, Iуэху еплъыкIэхэр ягъэлъэгъуэну, щIэ гуэрхэр утыку кърахьэну зэрыщIэхъуэпсым гу лъыттащ. Фестивалым хэт щIалэгъуалэм Iэмал яIэщ я ехъулIэныгъэхэм хагъэхъуэну, зауэжьыну, иджырей кином и IэмалхэмкIэ щIыналъэм и щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр яхъумэну, абыхэм дунейр щагъэгъуэзэну, - жиIащ фестивалым и продюсер Челикин Артём.

Къэрал 16-м (Испаниер, Армениер, Белоруссиер, Къыргъызыр, Къэзахъстаныр, Бразилиер, Италиер, Ираныр, Аргентинэр, Бельгиер, Индиер, Латвиер, Мексикэр, Тыркур, Узбекистаныр, Чилир), Урысейм щыщу щIыналъэ 65-м я лIыкIуэхэр зыхэта кинофестивалыр щыхьэт тохъуэ Iуэхум кIуэ пэт- ми зэрызиубгъум. Кинофестивалым хэтахэм щIэщыгъуэ ящыхъуащ икIи къащхьэпэну къалъытащ абыхэм папщIэ къызэрагъэпэща мастер-классхэмрэ экспертхэм, кинематографистхэм, артистхэм зэрыIущIахэмрэ.

**БЖЫХЬЭ Розэ.**

УнафэщI-редактор
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.266 • Заказыр №1055

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А